



IKIYAGO

C'INAMA NSHINGAMATEKA

N° 26 - Myandagaro - Nyakanga 2019



INAMA NSHINGAMATEKA

Gisohoka rimwe mu kwezi

REPUBLIKA Y'UBURUNDI

Kwakira urumuri rw'amahoro mu ntara ya Bubanza : Umukuru w'Inama Nshingamateka yari yitavye ivyo birori.



ICEGERA CA MBERE C'UMUKURU W'INAMA NSHINGAMATEKA YARITAVYE INAMA IGIRA 10 Y'ABAKURU B'INAMA NSHINGAMATEKA NA NKENGUZAMATEKA B'IBIHUGU VYO MU MUGABANE WA AFRIKA

Soma kurupapuro rwa 20



Icegera ca kabiri c'Umukuru w'Inama Nshingamateka yaraterereye agacumu k'ubumwe mu bikorwa vyo gusanura Ishuri ryisumbuye rya kirundo bakunze kwita Lycée NDADAYE.

Soma kurupapuro rwa 23



Kwiga integuro z'amabwirizwa ibibazo vyunganiwe vyabajijwe Umushikiranganji ajeje amagara y'abantu no kurwanya SIDA.

Soma kurupapuro rwa 27

Abashingamateka b' ikiringo ca 2015 -2020



Très Hon. Pascal Nyabenda
Umukuru w' Inama Nshingamateka
Bubanza-Hutu-CNDD-FDD



Hon. Agathon Rwasa
Icegera ca mbere c' Umukuru w' Inama Nshingamateka
Ngozi- Hutu-MizeroY'Abarundi



Hon. Jocky Chantal Nkurunziza
Icegera ca kabiri c' Umukuru w' Inama Nshingamateka
Ruyigi-Tutsi-CNDD-FDD



Hon. Gloriose AHISHAKIYE
Ngozi-Hutu-CNDD-FDD



Hon. Asha KHALFAN
Kayanza - Tutsi- Mizero
y'Abarundi



Hon. Fabien BANCIRYANINO
Bubanza - Tutsi- Mizero
y'Abarundi



Hon. Adolphe BANYIKWA
Bujumbura - Hutu- Mizero
y'Abarundi



Hon. Chantal BARAMPAMA
Bujumbura - Tutsi
CNDD-FDD



Hon. Josélyne BARANYANKA
Muyinga - Tutsi-CNDD-FDD



Hon. Jacqueline BARANYIZIGIYE
Cankuzo - Hutu-CNDD-FDD



Hon. Evole P. BASHINGWA
Mairie - Hutu-CNDD-FDD



Hon. Domitien BAVAKURE
Karusi - Hutu-CNDD-FDD



Hon. Rémegie BAZIRAHOMPONYOYE
Muramvya - Hutu-CNDD-FDD



Hon. Gloriose BERAHINO
Kayanza - Hutu-CNDD-FDD



Hon. Ildephonse BIGIRINDAVYI
Muramvya - Tutsi-CNDD-FDD



Hon. Jérôme BIKORIMANA
Bururi-Hutu-CNDD-FDD



Hon. Simon BIZIMUNGU
Cibitoke - Hutu Mizero
y'Abarundi



Hon. Pascal BIZUMUREMYI
Ruyigi - Hutu-Mizero
y'Abarundi



Hon. Renate BUKURU
Ruyigi- Hutu-CNDD-FDD



Hon. Spéciose CIMPAYE
Muramvya - Tutsi-CNDD-FDD



Hon. Angèle CIZA
Kirundo- Tutsi- Mizero
y'Abarundi



Hon. Claver COYTUNGIYE
Karusi - Hutu-Mizero
y'Abarundi



Hon. Fleurette DUKUNDANE
Muyinga - Tutsi-CNDD-FDD



Hon. Léocadie GAFURERO
Bubanza-Tutsi-CNDD-FDD



Hon. Séraphine GAKOBWA
Makamba - Hutu-CNDD-FDD



Hon. Odette HABONIMANA
Rumonge - Hutu-CNDD-FDD



Hon. Léopold HAKIZIMANA
Kayanza - Hutu-Mizero
Y'Abarundi



Hon. Pascal HAKIZIMANA
Muyinga-Hutu-CNDD-FDD



Hon. Vénant HATUNGIMANA
Kayanza-Hutu
CNDD-FDD



Hon. Ferdinand HAVYARIMANA
Gitega - Tutsi-Mizero y'Abarundi



Hon. Juvénal HAVYARIMANA
Bubanza-Hutu
CNDD-FDD



Hon. Mireille INABIGENDERA
Karusi - Tutsi-Mizero
Y'Abarundi



Hon. Caritas IRAKOZE
Makamba - Tutsi
CNDD-FDD



Hon. Godeberthe HATUNGIMANA
Rutana - Tutsi-Mizero
Y'Abarundi



Hon. Lydia IRAKOZE
Mairie- Tutsi
CNDD-FDD



Hon. Joséphine IRAMBONA
Karusi - Hutu
CNDD-FDD



Hon. Ange Denise KAMERE
Muyinga-Hutu
CNDD-FDD



Hon. Denis KARERA
Gitega-HUTU CNDD-FDD



Hon. Amédée RUCARAGI
Gitega-HUTU- CNDD-FDD



Hon. Uziel KUBWIMANA
Cibitoke-Hutu-CNDD-FDD



Hon. J. Claude KWIZERA
Mwaro -Tutsi- Mizero y'Abarundi



Hon. Pamphile MALAYIKA
Muyinga- Hutu-Mizero
Y'Abarundi



Hon. Pascasie MANIRAKIZA
Ngozi-Tutsi-CNDD-FDD



Hon. Térance MANIRAMBONA
Gitega - Hutu-Mizero
Y'Abarundi



Hon. Sauda MBONEKO
Bujumbura - Hutu-CNDD-FDD



Hon. Noé MBONIGABA
Ruyigi-Hutu-Mizero
Y'Abarundi



Hon. François MBONIHANKUYE
Karusi - Hutu-CNDD-FDD



Hon. Adolphe MBONIMPA
Kirundo - Tutsi-CNDD-FDD



Hon. Gilbert MBONINYIBUKA
Makamba-Hutu-CNDD-FDD



Hon. Amedée MISAGO
Muyinga - Hutu
CNDD-FDD



Hon. François MPITABAVUMA
Muyinga - Hutu
CNDD-FDD



Hon. Xavière MUHIMPUNDU
Karusi - Tutsi
CNDD-FDD



Hon. Jean Bosco MUHUNGU
Rutana - Tutsi
CNDD-FDD



Hon. Léonidas MUKESHIMANA
Rumonge-Hutu
CNDD-FDD



Hon. Euphrasie MUTEZINKA
Kirundo-Tutsi
Mizero y'Abarundi



Hon. Lazare MVUYEKURE
Gitega-Hutu
CNDD-FDD



Hon. Persille MWIDOGO
Ngozi-Tutsi
CNDD-FDD



Hon. Claude NAHAYO
Ngozi-Hutu
CNDD-FDD



Hon. Gélase NDABIRABE
Kayanza-Hutu
CNDD-FDD



Hon. Zénon NDARUVUKANYE
Bujumbura - HUTU
CNDD-FDD



Hon. Canesius NDAYIMANISHA
Kayanza - Hutu
CNDD-FDD



Hon. Juvenal NDAYIRAGIJE
Rutana - Hutu
CNDD-FDD



Hon. Bernard NDAYISENGA
Mairie - Hutu-Mizero
Y'Abarundi



Hon. Emmanuel NDAYISHIMIYE
Bururi - Hutu-Mizero y'Abarundi



Hon. André NDAYIZAMBA
Bururi-Tutsi
UPRONA



Hon. Glorioso NDAYIZEYE
Gitega- Hutu
CNDD-FDD



Hon. Angele NDIHOKUBWAYO
Bururi - Tutsi
CNDD-FDD



Hon. P.Célestin NDIKUMANA
Bujumbura-Hutu-Mizero
Y'Abarundi



Hon. Gilbert NDUWAYO
Makamba-Hutu
CNDD-FDD



Hon. Dévote NDUWIMANA
Kirundo - Tutsi-CNDD-FDD



Hon. Déogratias NDUWIMANA
Ngozi - Hutu-CNDD-FDD



Hon. Rénovat NDUWUMWAMI
Makamba - Hutu-Mizero
Y'Abarundi



Hon. Angébert NGENDABANKA
Cankuzo - Hutu-CNDD-FDD



Hon. Egide NGERAGEZE
Ruyigi - Hutu-CNDD-FDD



Hon. Ladislav NINDEREYE
Muramvya - Tutsi- Mizero y'Abarundi



Hon. Glorioso NIMENYA
Rumonge-Tutsi
UPRONA



Hon. Godelieve NININHAZWE
Mwaro - Hutu-CNDD-FDD



Hon. Felix NIRAGIRA
Ngozi - Tutsi-CNDD-FDD



Hon. Justin NIYOBUHUNGIRO
Cibitoke - Hutu-CNDD-FDD



Hon. Justine NIYONGABO
Cankuzo - Tutsi-CNDD-FDD



Hon. Lewis NIYONGABO
Mairie - Tutsi-CNDD-FDD



Hon. Glorioso NIYONSENGA
Kirundo - Hutu-CNDD-FDD



Hon. Constantin NIYONZIMA
Ngozi - Hutu-CNDD-FDD



Hon. Salvator NIYUKURI
Rutana-Hutu-CNDD-FDD



Hon. Emmanuel NKUNZIMANA
Bujumbura - Hutu-CNDD-FDD



Hon. Claude NKUNZIMANA
Ruyigi- Tutsi-CNDD-FDD



Hon. Olive NKUNZIMANA
Ngozi -Tutsi- Mizero y'Abarundi



Hon. Georges NSHIMIRIMANA
Gitega - Hutu-CNDD-FDD



Hon. M. Chantal NSHIMIRIMANA
Ngozi- Twa



Hon. M. Jeanne NTAGAHORAHU
Gitega - Tutsi-CNDD-FDD



Hon. Apolinaire NTAHIMPERA
Muramvya- Hutu-CNDD-FDD



Hon. Hilaire NTAHOMVUKIYE
Kayanza - Tutsi CNDD-FDD



Hon. Adolphe NTAHONDEREYE
Mairie - Twa



Hon. Aloys NTAKIRUTIMANA
Cibitoke-Tutsi-CNDD-FDD



Hon. Obed NTAKIYIRUTA
Rumonge - Hutu-Mizero
Y'Abarundi



Hon. Emmanuel NTEZUKOBAGIRA
Bururi - Hutu-CNDD-FDD



Hon. Ruth NTIBASHARWA
Cibitoke - Hutu-CNDD-FDD



Hon. Gaudence NTIRANDEKURA
Mwaro - Tutsi-Mizero
Y'Abarundi



Hon. Gabriel NTISEZERANA
Bubanza-Hutu-CNDD-FDD



Hon. Adrien NYANDWI
Kayanza - Tutsi-CNDD-FDD



Hon. Claire NYANDWI
Makamba - Tutsi-Mizero
Y'Abarundi



Hon. Nestor NZEYIMANA
Kirundo-Hutu-CNDD-FDD



Hon. Zainabu NZEYIMANA
Gitega - Hutu-CNDD-FDD



Hon. Séraphine NZEYIMANA
Rumonge - Tutsi-CNDD-FDD



Hon. Révérien NZIGAMASABO
Kirundo-Hutu-CNDD-FDD



Hon. J. Baptiste NZIGAMASABO
Kirundo-Hutu-CNDD-FDD



Hon. Consolante NZIGAMISONI
Cibitoke - Tutsi-Mizero
Y'Abarundi



Hon. Benigne RURAHINDA
Mairie-Hutu-CNDD-FDD



Hon. James SAMAGORWA
Cibitoke-Hutu-CNDD-FDD



Hon. Eric SINDAYIGAYA
Mairie-Hutu-CNDD-FDD



Hon. Sylvestre SINDAYIHEBURA
Gitega - Tutsi-CNDD-FDD



Hon. J. Pierre SINZINKAYO
Bujumbura-Tutsi-CNDD-FDD



Hon. Vincent SUKUNOBA
Gitega - Twa



Hon. Ildephonse TURIMUMUGABO
Muyinga - Hutu-CNDD-FDD



Hon. Anicet TUYAGA
Mwaro - hutu-CNDD-FDD



Hon. Ibrahim UWIZEYE
Muyinga - Tutsi-CNDD-FDD



Hon. Léocadie YAMUREMYE
Kirundo - Tutsi-CNDD-FDD

IVYARANGUWE N'UMUKURU W'INAMA NSHINGAMATEKA

Kwakira urumuri rw'amahoro mu ntara ya Bubanza : Umukuru w'Inama Nshingamateka yari yitavye ivyo birori.



Urumuri rw'amahoro rugira 13 rwatangujwe gutanguzwa na Nyenicubahiro umukuru w'igihugu c'Uburundi Petero Nkurunziza mu ntara ya Karusi rwashitse mu ntara ya Bubanza kuri uwu wa kabiri igenekerezo rya 17 Nyakanga 2019, ruvuye mu ntara ya Cibitoke. Nyakubahwa umukuru w'Inama Nshingamateka, Umushingamateka a Pascal Nyabenda arikuwe n'imvukira z'intara ya Bubanza akaba yarwakiririyeye ku rubibe iyo ntara ihana n'intara ya

Cibitoke. Inyuma y'ijoro rwamaze muri iyo ntara, bukeye rwazindukiye ahariko hubakwa ikibuga c'umupira

Nyakubahwa Umukuru w'Inama Nshingamateka, imvukira z'intara, abasoda hamwe n'abapolisi bo kw'ishure kamunza ry'igipolisi ryo mu Mitakataka mu ntumbero yo gushigikira urwo rumuri. Abaje baherekeje Urwo rumuri bakaba bari baje bitwaje isima yoguheraheza ibikorwa kuri ico kibuga ca Bubanza nkuko vyagenze



w'amaguru c'intara ya Bubanza, aho naho hakaba hakorewe ibikorwa rusangi vy'iterambere vyitabwe n'isinzi ry'abantu batewe iteka nya

no muzindi ntara rwagiye ruracamwo. Burammatari w'intara ya Bubanza Thérance Nobu

Butoyi akaba yarashimiye cane Nyenicubahiro Umukuru w'igihugu Petero Nkurunziza

uboneka hejuru ariko rwuzuye insiguro nyinshi cane. Ati urumuri rw'amahoro

bwabo, ku bikorwa vy'iterambere. Aho urumuri rwaciye hose mu myaka 13 iheze rutangujwe, harubatswe inyubako rusangi zitari nke, ivyo bikerekana kandi ko urwo rumuri ari ikimenyetso c'iterambere.



adahengeshanya gufata mu mugongo ibikorwa vy'ico kibuga mu kubaronsa ibikoresho nk'isima, ivyuma n'amabati. Ni umunezero ntangere ku benegihugu bo mu ntara ya Bubanza kubona urumuri rw'amahoro kuva rutangujwe, rwashoboye kurara muri iyo ntara. Kw'izina ry'abenegihugu bo mu ntara ya Bubanza akaba yaciye ashikiriza inyana y'inka hamwe n'impene zitanyintwararumuri ngo bibafashe mu bifungurwa mu gihe bari ku rugendo. Umukuru w'Inama Nshingamateka, Nyakubahwa Pascal NYABENDA nawe akaba yarashimiye cane Leta y'Uburundi, na cane cane umukuru w'igihugu kuba yaratanguje urumuri rw'amahoro rwuzuye ivyiza vyinshi. Aca amenyesha abari aho ko urumuri rw'amahoro atari uwo muriro gusa

ubwambere na mbere rusigura ko amahoro n'umutekano bisasagaye mu gihugu cose kuko aho rwagiye ruraca hose, rwakiriwe mu kanyamuneza ntangere n'abanegihugu batekanye kandi bafatanye mu nda. Urumuri rw'amahoro kandi, ni

Umukuru w'Inama Nshingamateka akaba yipfuriye abarundi bose ko urwo rumuri rwobamurikira kugira ngo amatora twimirije mu mezi makeya ari imbere aze abe meza cane. Inyuma y'ivyo bikorwa vy'iterambere, abenegihugu bo mu ntara ya Bubanza bari kumwe na Nyakwubahwa Pascal NYABENDA umukuru w'Inama Nshingamateka, Therence Nobus Butoyi Buramatari w'intara ya Bubanza bakaba baciye baherekeza urwo rumuri gushika muri komine Mutimbuzi ku rugabano rw'intara ya Bubanza na



n'ikimenyetso c'ubumwe kuko ruhuriza hamwe abenegihugu mu butandukane

Bujumbura aho rwari rurindiranywe igishika n'abenegihugu bo mu ntara ya



Bujumbura bari kumwe na buramatari w'iyi ntara, GACUTI Nadine. Inyuma y'umutanga kuri uwo muni nyene, Umukuru w'Inama Nshingamateka Pascal NYABENDA ari kumwe n'umutambukanyi wiwe baciye baja kwimbura umurima wabo w'ibiharage uri ku mutumba Rugunga muri komine Gihanga. Ivyo biharage bikaba vyatewe mu

gihe c'ici hagati mu kwezi kwa mukakaro ariko kuri uwu wa 18 nyakanga ukaba uvuyemwo umwimbu ushimishije cane inyuma y'amezi atarenga abiri hakoreshejwe ubuhinga bwo kuvomera n'utumoteri twabigenewe, tugakura amazi mu ruzi kajeke ruri hafi y'uwo murima. Nyakubahwa umukuru w'Inama Nshingamateka Pascal NYABENDA yamenyesheje ko

mu kurima uwo murima yashatse gutanga akarorero ku benegihugu bo muri ako karere hakanze kubura imvura ko bashobora kurima ibihe vyose bakoresheje kuvomera imirima. Ku bafise amikoro make nabo badashobora kuronka uburyo bwo kugura izo moteri, baje hamwe mu ma koperative kugira boroherwe kuzironka.

Arlette AKIMANA

IHIMBAZWA RY'UMUNSI MUKURU WAHARIWE AMAKOMINE MU BURUNDI

Mu gihe hahimbazwa umunsi mukuru wahariwe amakomine umwaka wa 2019, Umukuru w'Inama Nshingamateka y'Uburundi n'umufasoni wiwe barifadikanije n'abanyagihugu bo muri komine mpanda mu birori vyo kuri uyu wagatandatu itariki 3 myandagaro umwaka wa 2019 wari wateguwe muri komine Mpanda ukaba wabereye muri zone ya Musenyi ku mutumba wa



Rugenge. Ibirori bikaba vyatangujwe na defile ndende yari igizwe

n'abanyagihugu bari baje bavuye ku mitumba yose igize komine Mpanda.

Kubwa musitanteri wa komine Mpanda CONGERA Frédéric yavuze ko hari inyubakwa nyinshi zubatswe muri iyo komine muri uyu mwaka wa 2019. Yaciye ahamagarira abavyeyi kurungika abana babo muri vya bikorwa vyo mu karuhuko kugira bifatanye n'abandi mu bikorwa vy'iterambere bizotegurwa na komine muri kino kiruhuko.

Ijambo nyamukuru ry'uwo muni ryashikirijwe na Nyakubahwa cane Umukuru w'Inama Nshingamateka Pascal NYABENDA, aho yabajye gushimira leta y'Uburundi na cane cane Nyenicubahiro Umukuru w'igihugu cacu c'Uburundi kuba yarashizeho uwo muni mukuru uhuza imvukira za komine. Umukuru w'Inama Nshingamateka yaciye abonerwaho akanya ko kwibutsa abenegihugu baho ku Mpanda kuja hamwe mu ma koperative kugirango bakorere hamwe, ngo nakare ubugirigiri bugira babiri. Yaravuniye akagohe imvukira zacye ku ntebe yishure gusubira ku gatumba gufasha abanyagihugu gutunganya imigambi yiterambere izobateza imbere. Nyakubahwa Umukuru w'Inama Nshingamateka yarabasavye kubandanya kurima mucu bakoresheje ubuhinga bwo kuvomera imirima mu ntumbero yo kugwiza umwimbu.

Mu gusozera ijamba ryiwe Pascal NYABENDA yatanze impanuro aho yabwiye abanyempanda kubandanya bafatanye mu nda kugira birinde abashaka kubacanishamwo. Ibirori bikaba vyarangiye basangira ibifungurwa vyari vyateguwe n'abenegihugu baho ku Mpanda.

J Baptiste Claude NIJIMBERE



Ishure Choi Jung Sook Fundamental School ry'i Mukungu ryaruguruwe icese na Nyakwubahwa cane Umukuru w'Inama Nshingamateka.

Ishure shingiro Choi Jung Sook Fundametal School ryaraye risanuwe n'amashirahamwe ry'abanya Koreya y'Ubumanuko Choi Jung Sook Memorial Society na Korea Hope Foundation riri i Mukungu muri segiteri ya Gatatare muri komine ya Musigati intara ya Bubanza. Iryo shure ryegereye ishamba cimeza rya Kibira rikaba ryasambuwe cane n'urwimo Uburundi bwacyemwo, abanyeshure bakaba bari basigaye biga nabi, cane cane iyo imvura iguye. Bamaze kubona ingene iryo shure rimeze, abarongoye ishira hamwe y'abanya Koreya y'ubumanuko Choi Jung Sook Memorial Society baciye begeranya amafaranga, bahawe cane cane n'abakenyezi 12 b'abanya Koreya y'ubumanuko, nikwo guca basanura iryo shure rigizwe n'ibirasi 15 riba rishasha, bongera bashiramwo intebe zose. Abenegihugu nabonyene b'i Mukungu baraterereye agacumu k'ubumwe mu vyerekeye guseha amabuye n'ibindi bikoresho vy'inguvu



kwugurura ivyaranguwe mu ntumbero yo guhimbaza imyaka 57 irangiye Uburundi buronse intahe yo kwikukira. Mw'ijambo ry'ikaze, Bulamatari w'intara ya Bubanza TERENCE NOBUS BUTOYI yamenyesheje ko iyo, atari inyubakwa ya mbere bubakiwe n'abo banya Koreya y'ubumanuko, ngo bari baheruka no kwubaka ishure ry'indaro Choi Jung Sook girls school ryo ku Muzinda hamwe na koperative yo guhingura imfungurwa yo mu Kagwema.

Akaba yahamagariye abanyeshure, abigisha hamwe n'abavyeyi kubungabunga iryo shure, ati naho hoba mu myaka 20 abo bagiraneza bagarutse bazosange ricakaka ukwo nyene. Akaba yaciye yemera ko intara nayo igiye kwubaka amazu y'uburaro y'abigisha ngaho. Ku ruhande rwiwe, uwurongoye iryo shirahamwe ry'abakenyezi b'abanya Koreya yo mu bumanuko, yamenyesheje ko kazoza k'Uburundi gahagaze ku kwigisha urwaruka, ati turiko turatsimbataza bimwe biboneka imigenderanire hagati ya Koreya y'Ubumanuko n'Uburundi. Nayo umwunganirizi w'umushikiranganji ajejwe ivy'inyigisho n'indero, ari nawe yakiriye imfunguruzo z'iryo shure vyerekana ko barishize mu minwe ya Leta, yarashimye imfashanyo y'ayo mashirahamwe, yongera ati uravye ingene abantu baguma bagwira mu Burundi, uwubatse ishure aba akoze ikintu gikomeye cane. Akaba kandi yasavye abanyeshure kwitaho ivyigwa, bareke gusamazwa n'ubuto bwabo. Abigisha nabo akaba yabasavye kwama bibuka ko bajejwe kurera, ntibayovye izo baragiye. Mw'ijambo yashikirije, Nyakwubahwa cane Umukuru w'Inama Nshingamateka, yaribukije



bikenewe. Iryo shure rero rikaba ryuguruwe icese na Nyakwubahwa cane Umukuru w'Inama Nshingamateka kuwa 25 nyakanga 2019 muri rwarutonde rwo

Akaba yabasavye ko bobandanya babafasha mu vyerekeye kwubaka amashure hamwe no gutanga intebe ku yandi mashure.

ko irya nyuma yaheruka i Mukungu kwari ukwugurura icese paruwase nshasha. Ico gihe yaramenyeshije ko aho paruwase ivutse, iterambere rikurikira, ati paruwase imeze nk'itara ryaka rimurikira abantu. Ati none irabire namwe iri shure ryiza muhejeje kugabana ngaha i Mukungu. Niko guhamagarira abenegihugu muri rusangi kubungabunga iryo shure. Nyakwubahwa cane Pascal NYABENDA

yaragarutse kandi ku kibanza kidashemeye kigira ica 12 intara ya Bubanza yaronse mu bibazo vya Leta, ati ico kibanza ntikidutera iteka, niko guhamagarira abigisha ngo birimbure basubire bibukeko bafise umuhamagaro ukomeye wo kurera barerera Uburundi. Aho akaba yarahashimangiye cane. Muri icyo birori, utuganuke dutandukanye tukaba twaratanze. Intara ya Bubanza ikaba yarahaye utuganuke abo banyekoreya yo mu

Bumanuko abo nabo bakaba bari baje bazanye ibirato bahaye abanyeshure bose biga kuri icyo shure, hamwe n'imipira yogukina.



Ibirori vy'uwo musibikaba vyari vyatanguwe n'inkuka y'imisa yaherejwe na patiri mukuru wa paruwase Mukungu. Mu mpera y'icyo nkuka y'imisa, abakenyezi bo muri diyoseze ya Jeju iri muri Koreya y'ubumanuko bakaba barahaye paruwase ya Mukungu amabaro y'impuzu hamwe n'ibirato vyo guha abakirisu batishoboye. Bakaba mbere baratanze n'akabashya ko gufasha mu rwubako rwa paruwase. Nayo ku ruhande rw'abakirisu b'i

Mukungu, bakaba baratanze utuganuke ku babagendeye tugizwe n'ivyo bimbura mu mirima iwabo. Icegera c'uwurongoye inama ya paruwase ya Mukungu akaba yarashimiye abo bakenyezi bo muri diyoseze ya Jeju kuri icyo ngabire, itabaye icya mbere kuko bari bamaze no kubaha ibiyo vyo mw'isengero hamwe no kububakira urwinjiriro rw'isengero. Akaba nawe

nyene yarabatuye ibindi bobafashamwo nk'ivyerekeye kubaronsa ivuriro kuko iriri hafi riri ku bilometero 12, kubaronsa uburyo bwo kwiunguruza bw'abapatiri, inzu y'amanama ya paruwase, kwubaka uburaro bw'abapatiri n'ibindi...

Arlette AKIMANA

Umukuru w'Inama Nshingamateka yarahimbaje umunsi mukuru w'iyurizwa mw'ijuru rya Bikira Mariya ku rwego rw'igihugu i Mugeru.

Umukuru w'Inama Nshingamateka asaba abasaseredoti kutagaragaza aho begamiye no gukoresha imvugo mbabarira matwi mu gihe bariko bashikiriza insiguro y'ijambo ry'Imana mu gihe twimirije amatora. Nyakubahwa Pascal NYABENDA yashikirije icyo cipfuzo ku munsi wa kane, igenekerezo rya 15 myandagaro 2019 mu birori vyo guhimbaza umunsi mukuru w'iyurizwa mw'ijuru rya Bikira Mariya ku kirimba ca Bikira Mariya ku rwego rw'igihugu i Mugeru, aho



ni muri komine ya Bugendana iri mu ntara ya Gitega. Icyo birori vyari

vyitabwe n'isinzi ry'abantu bavuye mu mihingo yose. Mu nsiguro yiwe,

Musenyeri wa Diyoseze nkuru ya Gitega, yamenyesheje ko Bikira Mariya twaje gukeza kwiteka yatewe n'Imana mukumwuriza akiri muzima mw'ijuru, atuburira ko turi mu nzira igorotse igihe cose turangura ishaka ry'Imana. Musenyeri Simoni NTAMWANA yabandanije asigura ko Bikira Mariya aduhamagarira kandi twotambuka tudatinya kuko tugendera mu makanda y'Imana, Mudasingwa. Yongeyeko impundu yasamiranye hose, amakungu aratangara. Ati Bikira Mariya ubwiye yacye yiyita Muhimbarwa. Ati ntivyari gushoboka ako kamwemwe koguma kanyegejwe mugifuri imyaka n'iyindi, yamara iyo mpundu yariciriye inzira, irigaragaza, amashetani arwa mu gahundwe.

Ku rundi ruhande, Umwungere wa Diyoseze nkuru ya Gitega yatumiriyeho abakristu kwakirana urweze iyo mpundu, ngo bongere bakwiragize atagukekeranya iyo nkuru nziza. Ati ni iyo nkuru nziza nyene Papa Fransisko adusaba gukwiragiza guhera mu kwezi kwa Gitugutu kwimirije, ko Imana Rurema, Imana

Kuvyerekeye igisabo c'Umukuru w'Inama Nshingamateka, Umukuru



w'Inama nkuru y'Abepisikopi b'i Burundi, akaba kandi ari Umwungere wa Diyoseze ya Musinga, ntivyariye umunwa; ati ukuri tuzokuvuga uko kuri, ngo kanatsinda Ijambo ry'Imana risanzwe ari ukuri kwigendera, rirahuzaga cane no kuvuga ukuri. Naho Musenyeri Yohakimu NTAHONDEREYE yemeje ko ukuri kubabaza nka wa mugera wo kumena igihute, yashikirije ko abihebeye Imana badashobora guca i ruhande y'ukuri. Ari nako kwibutsa ko hari mbere n'abihebeye

amakoperative n'ibanki y'urwaruka. Musenyeri Yohakimu

NTAHONDEREYE yamenyesheje ko umugambi w'amakoperative basanzwe bawukoreramwo kuva kera, babicishije mw'ishirahamwe rya Karitasi. Naho biri uko, yaremeye kurungika intumwa zokwigira hamwe na Leta ingene bofashanya uwo mugambi.

Hari benshi bibaza igituma ikirimba ca Bikira Mariya ku rwego rw'igihugu kiri i Mugera. Mbega vyoba bifitaniye isano na ya mvugo y'Imana za Mugera ? Canke ni kuki ngaho ku kirimba ca Bikira Mariya ku rwego rw'igihugu basanzwe bahita kandi i Rurude (Lourdes) ? Patiri Simoni NZIGIRABARYA wo muri Diyoseze nkuru ya Gitega arabisigura.

Ati abamisiyonari igihe bashika mu Burundi mu 1899, Umwungere yari ajejwe akarere k'Uburundi, yari yabahaye uruhusha rwo kwubaka iparuwasi kw'ihuriro ry'inzu za RUVUBU na RUVYIRONZA. Yamara vyashitse ko ifarasi zicwa n'ubururukaga zigeze kuri uwo musozo nyene wa Mugera. Kubera ko izo farasi vyanze ko zibandanya urugendo, abo bamisiyonari bacye bahitamwo kwigumira ngaho nyene i Mugera.

Ku rundi ruhande naho, i Mugera havukiye Abami babiri b'Uburundi, ni ukuvuga NTARE RUGAMBA n'umuhungu wiwe MWEZI GISABO. Kubera abo bami bavukiye bakongera bakaba i Mugera,



y'urukundo, Imana idatandukanya abantu n'abandi, iyo Mana Iri hagati yacu mu Burundi. Nyenubweranda Papa adutumirira rero ko natwe twamenyesha ko iyo Mana y'urukundo yipfuzako twosangira ubuhirwe bwayo n'abantu bose.

Imana bazize ukwo kuri, Ekleziya gatorika ibatumirira gupfira kw'ibanga.

Nyakubahwa Pascal NYABENDA yarongeye arasaba kandi Ekleziya gatorika ko yoshigikira Leta mu migambi yayo yo gushinga

Mugera yacitse umusozi wubashwe, mbere utinywa, ari naho yavuye icivugo c' « Imana za Mugera ». Mu vyukuri, umusozi wa Mugera wari wubashwe kuko nta ntambara yashobora kuhabera. Ngo niyo umwansi ahahungiyey, ntawashobora kuhamusanga.

Uko gutinya bivanze no kwubaha uyo musozi wa Mugera vyaratabaye abamisiyonari, bobo bisanze ku gihama ahantu hakingiwe. Ingoma zaravuze, abapfumu barakorera hirya ibifyitirizi vyabo kugira bomore abo bamisiyonari, ahubwo ku ruhande rw'aba

barushirizaho gukengurukira Imana yabashikije ngaho.

Kuvyerekeye naho kwitirira ikirimba ca Bikira Mariya ku rwego rw'igihugu c'i Mugera Rurude (Lourdes mu gihugu c'Ubufaransa), Patiri Simoni NZIGIRABARYA yaribukije ko Bikira Mariya yabonekeye mu 1858 i Lourdes mu gihugu c'Ubufaransa. Kw'isi yose, Ekleziya gatolika yaraninahaje ikinjana ca Bikira Mariya abonekera i Lourdes mu 1958. Muri icyo gihe, hari ibuye ryakuwe i Lourdes rikanwa i Mugera. Iryo buye ridasanzwe bararihinyanyuye bakurikije indinganizo y'ibuye riri i Lourdes, ari nako kwitirira Lourdes umusozi wa

Mugera.

Yasozereye amenyesha ko ikirimba ca Bikira Mariya c'i Mugera caganywe ku rwego rw'igihugu mu 1961, mu gihe abategetsu mu ntwaro no muri Ekleziya bahuriza ku cyumviro co gutura Uburundi Umuvyeyi Bikira Mariya. Umuganwa Ludoviko RWAGASORE akaba ari we yari ahagarariye intwaro muri icyo nkuka ya misa.

Christine NAHIMANA

Umukuru w'Inama Nshingamateka yatanze agacumu k'ubumwe mu gikorwa co kwagura Ishule ryisumbuye ryitirirwa ikomine ya Gihanga.

« Ubu si igihe co gukorera mu biro kuri ba Buramatari b'intara na ba Musitanteri b'amakomine ».

inyuma y'ibikorwa vy'iterambere rusangi vyari bigamije gushinga umushinge w'ibirase bitatu, mu ntumbero yo kwagura ishule

n'amadini mu gihe umwe wese yirukira umugambwe ashaka canke agasengera mw'idini agomba. Yamara, ngo aguma abana mu mwumvikano n'umubanyi wiwe naho ataco boba bahuriyeko muri ivy. Umunsi w'amatora, umwe wese aritorera abo yipfuzako bamurongora, agaca yitahira amarembe, ubuzima bukabandanya.



Umukuru w'Inama Nshingamateka abahamagarira ahubwo gutunganya amanama mu turere dutandukanye dukukira uburungozi bwabo kugira bamenye ibibakiye abenegihugu. Nyakubahwa Pascal NYABENDA yabateye ako kamo afatiye muri kino kiringo hegereje amatora yo muri 2020. Yabishikirije ku munsi wa gatandatu, igenekerezo rya 27 nyakanga 2019,

ryisumbuye ryitirirwa komine ya Gihanga, aho ni ku mutumba wa Mpanda, mu gisagara ca 5 ca komine ya Gihanga, mu ntara ya Bubanza. Umwitwarariko wiwe ngo nuko abenegihugu bobana mu bwisanzure imbere, mu matora n'inyuma yayo. Aka kamo yagateye abajewe intwaro kandi mu ntumbero yo kubakangurira kuba maso. Ati imigambwe irasa

Naho yakengurukiye abenegihugu kw'iteka bateye icyo ntara ya Bubanza mukwitabira ku bwinshi igikorane catunganijwe n'umuryango wa Nyenicubahiro Umukuru w'igihugu kuwa 21 gushika kuwa 25 myandagaro 2019, Umukuru w'Inama Nshingamateka mw'ijambo ryiwe yashimikiye ku rwaruka, abize n'abatagiye mw'isomero, na cane cane ko, abagomba kudurumbanya igihugu bamenera mu rwaruka nyene, narirya ako karere gahana urubibe na RDC, igihugu gisanzwe gicumbitse mwo imigwi yitwaje ibirwanisho.

Ku rwaruka buca basubira ku ntebe y'ishule, ngo kwitandukanya



n'abangushi, bakihatira ku vyirwa, kandi bakabigeza kure. Asubiramwo ivyavuzwe n'Umushikiranganji w'amagara y'abantu no kurwanya ikiza ca SIDA mu gihe yari umutumire mu Nama Nshingamateka, Nyakubahwa Pascal NYABENDA yashikirije ko impapuro z'umutsindo bita A2 zihabwa abahejeje amashure y'abaforoma zitacemewe mu Muryango w'ibihugu biri mu karere k'ubuseruko, EAC mu ncamake. Ni naco catumye Leta y'Uburundi ihinyanyura inyigisho muguhindura ayo mashure yisumbuye kaminuza. Yabandanije avunira akagohe urwaruka rwo mu kiyaya c'Imbo, iyo batsindiye iyo A2 uca umenga ngo bikoreye isi, ko bosubiza ahubwo amero mw'isaho. Ati nta kibuka iyo ngingo yafatiwe igisata c'amagara y'abantu gutandukira ubundi buzi. Ikindi yahanuye urwaruka, imisore n'inkumi, ni uguhindura ingendo, mu bijanye no guhurumbira ubugeni. Yatanze akarorero k'uwubatse ku myaka 20, azokwiza imyaka 40 ageze ku bana bangahe ? Ati umugambi w'irondoka rijanye n'amagara meza ntushobora kubahirizwa muri ico gihe. Naho ubushuhe burangwa mu kiyaya c'Imbo bwoba bufise uruhara muri iyo ngeso, Nyakubahwa Pascal NYABENDA abahanura kwigumya.

Ku rundi ruhande, Umukuru w'Inama nshingamateka yatumiriye

abenegihugu b'i Gihanga kwijukira amakoperative. Ati uyo mugambi ntuvutse ubu. Yamara ngo Leta ubu yagize uwo mugambi wawo mu gihe n'umwenegihugu wa nyarucari azokorwako n'uyo mugambi. Afatiye ku mvugo ngereranyo, yaribukije ko niba ku kiyaya c'Imbo vyoroshe ko umwirimizi gukabakaba mu ntoki inoti y'ibihumbi cumi, kubera amatashe akorerwa igiterwa c'umuceri, ngo hariho ubundi burere bw'igihugu umwenegihugu mutomuto ashobora kumara umwaka wose iyo noti itamuciye mu ntoki. Ati koperative ni akaryo ko gusununura imibereho y'abenegihugu. Ati nta n'umwe akumiriwe muri uyo



mugambi uhagarikiwe na Leta mu gihe ariyo izotanga uburyo, ibicishije muri ya mafaranga ahabwa amakomine uko umwaka utashe.

Yaribukije ko ubwo buryo bwiyongereye, bava ku miliyoni 500 buja ku miliyoni 570 z'amarundi.

Nyakubahwa Pascal NYABENDA yarongeye aragabisha abagomba gutyoza uwo mugambi ati umugambi w'amakoperative ntiwerekeye gusa abanywanyi b'umugambwe uri ku butegetsi wa CNDD-FDD, nk'uko bamwe bagomba kubifata. Ati ahubwo ni umugambi wa Leta, kanatsinda mu kwiyamamaza muri 2015, uyo mugambi barawusiguye. Nta na kimwe rero coza nk'intambanyi yobuza Leta gushira mu ngiro umugambi yishinze.

Imbere yo kurangura ivyo bikorwa vy'iterambere rusangi vyari bigamije mukuvanga isima yo gusasa ku mushinge wo muni ku nyubakwa ikozwe n'ibirasi bitatu, Umukuru w'Inama Nshingamateka yabanje gucana igitambara, ikimenyetso cuko yuguruye icese ibiro vy'Umukuru w'umutumba wo mu gisagara ca 5. Yarabemereye kandi kubaha ibikoresho, ni ukuvuga imeza n'intebe.

Mwumenya kandi ko Umukuru w'Inama Nshingamateka yari yibangikanije n'imfashanyo igizwe n'ibifungurwa n'ibindi. Bose hamwe ni abenegihugu bafatwa nka ba Ntahonikora muri iyo komine

bagera ku 250 baronse impamba y'umuceri. I ruhande y'iyi mfungurwa, abatamakazi bararonkejwe igitenge. Nk'uko

uburuhuko bugeze ku musozo, Nyakubahwa Pascal NYABENDA yarashimiye abanyeshuye bitabiriye ibikorwa vyo mu buruhuko mukubaronsa akaganuke k' amakaye indwi kuri umwe umwe,

bose hamwe bakaba bangana 490. Ku ruhande rwiwe, Umukuru w'Inama Nshingamateka yaragabanye inka zibiri, YAMUGISHA et MUGWIZA, akaba yazishikirijwe na Musitanteri wa

komine ya Gihanga, Léopold NDAYISABA.

Christine NAHIMANA

Umukuru w'Inama nshingamateka yaratanguje umushinge w'amazi ya Rusengo i Muramba.

U mukuru w'Inama Nshingamateka agiye guhura vuba na bwango n'Icegera ca Kabiri c'Umukuru w'igihugu kugira bigire hamwe ibikenewe, mu ntumbero yo kwubaka ibarabara rigana zone ya Muramba, muri komine n'intara ya Bubanza. Pascal NYABENDA yagaragaje ico cipfuzo i Muramba ku

muni wa kabiri, igenekerezo rya 06 myandagaro 2019 mu birori vyo gutangaza umushinge w'amazi ya Rusengo azokwiragira ku mitumba ine yo muri komine ya Bubanza, ni ukuvuga Karinzi, Gitanga, Muramba na Ngara. Uwo mugambi uri ku

burebure bungana n'ibirometero 24.5 Km, ugatanga ilitiro rimwe n'isantiritiro mirongo ibiri na zitanu (1,25l) kw'isegonda, uzotwara uburyo bwababab imiliyoni 428 n'ibihumbi amajana ane y'amarundi, uzofatwa mu mugongo n'ishirahamwe rya DGD/Protos, ibikorwa bizocungurwa n'ishirahamwe AHMAR, bikazorangurwa n'ishirahamwe AVEDEC. Komine ya Bubanza izoguma icungera ibikorwa mu gihe ishishirahamwe SECOFOMABU rizobirangura.

Umukuru w'Inama nshingamateka

yaributse ko akiri Buramatari w'iyotara, hari umunsi yigeze kugendera umutumba wa Muramba, abenegihugu barakengurutse. Ati ubu ndatangaye ukugene akarere kahinduye isura mu gihe hubatswe ishure ry'akarorero n'ivuriro. Ati ivyo vyerekana ko Muramba imaze gutera intambwe mu nzira y'iterambere. Ati ari nka hamwe

ntibasabe umuzibukiro. Naho Nyakubahwa Pascal NYABENDA yakanguriye abenegihugu kubungabunga ayo mazi ya Rusengo, ntiyibagiye injavyi ciza mu tunywe nywe imirindi y'apazi. Ari nako guhanura kubamizako akajisho.

Naho Nyenicubahiro Umukuru w'igihugu yavumereye ko uburyo



bwo gutunganya amatora bwakwiyeye, Umukuru w'Inama Nshingamateka aratera intege abenegihugu b'i Muramba ko bobandanya baterera ako gacumu k'ubumwe mu gihe hama hategekanijwe gusubiramwo amatora ubugira kandi. Yarashimiye

kandi ingendo yo gutekura amatora n'Abarundi, ata kuzera inze, ati uko niko kwikukira nyakwo.

Ikindi naco, Umukuru w'Inama Nshingamateka yarahamuye kubungabunga amahoro n'umutekano. Yaribukije ko har abonezerezwa no kubona abenegihugu b'i Muramba bafise intekera ku mutwe. Yaciye aboneraho kubahimiriza kwama bashengeza abahungabanya amahoro n'umutekano. Vyongeye, yarabahanuye kudahagarikwa umutima n'ibihe twimirije vy'amatora. Ati ahubwo amatora ni

ibarabara ryokubakwa, nta nkeka ko n'umuyagankuba woca ubashwaramwo. Yabandanije asigura ko ivyo vya nkenerwa vyose bibonetse, ata mwenegihugu w'i Muramba yosubira kwirukira mu gisagara ca Bujumbura.

Mugukengurukira abagiraneza basohoye uburyo bwo kurangura uwo mugambi, Umukuru w'Inama Nshingamateka yarakeje abenegihugu bitanze mu gisata c'inyubako, bagaca imigende. Vyongeye, yarashimagije umutima wo kwitangira igihugu werekanywe n'abenegihugu kuko uwo mugambi waratwaye imirima, yamara

ikiringo ciza co kwitorera abazoturongora. Ati gufatana mu mashati ntivyari bikenewe. Amatora ngo ni inkingi imwe igaragaza intwari rusangi. Ati aba mu muni umwe, ubuzima bugaheza bukabandanya. Ati mu kibano, umubanyi si ngombwa ngo musangire umugambwe. Kanatsinda, Ibwirizwa Nshingiro rirategukanya imigambwe myinshi. Yaragereraniye kandi imigambwe n'amadini. Ati umwe wese atora idini ashaka. Aja gusenga hanyuma agataha mu rwiwe. Ati n'imigambwe niko kuko. Uhitamwo umugambwe wiyumvamwo.

Mubijanye n'amakoperative, yahanuye buri mutumba gushinga imigambi myiza, birinde kwigana



iyindi mitumba. Yasozeze ahamagarira imvukira z'incabwenge gufata mu mugongo abenegihugu bo ku mutumba bavukako,

bakabaterera ivyiyumviro.

Christine NAHIMANA

Umukuru w'Inama Nshingamateka yarakiriye akurikiranya intumwa za ONU-FEMME mu Burundi n'uwujewe ibikorwa mu buserukizi bwa Leta zunze ubumwe za Amerika mu Burundi.



Gutsimbataza ugufashanya hagati ya ONU-FEMME n'Inama Nshingamateka mu bikorwa bimwebimwe; ivyo ni bimwe muvyo bayaze igihe intumwa za ONU-FEMME zakirwa n umukuru w Inama Nshingamateka ,

mu gitondo co kw igenekerezo rya 7/ myandagaro 2019 mu biro vya nyakwubahwa umukuru w'Inama Nshingamateka. Kurwanya amacakubiri afatiye ku gitsina navyo biri mu biraje ishingira uwuserukira ONU-FEMME mu Burundi ;

umupfasoni Kem JENNET afadikanije n'Inama Nshingamateka akavuga ko azoshika ku ntumero yo kubirwanya.

Yari aje kandi kumenyesha Nyakwubahwa Umukuru w'Inama Nshingamateka urutonde rw'ivyo



bazorangura mu kiringo c'imyaka itanu iri imbere. Muri ivyo bikorwa bitegekanijwe ngo harimwo ubwigenge bw'umukenyenzi n'ukumurona amahirwe co kimwe n'umugabo. Ntiyabuze kandi no kwerekana uruhara rw'umukenyenzi ahuza abantu mu kibano.

Nyakwubahwa umukuru w'Inama Nshingamateka yaciye atera intege uwo mushitsi muri ivyo bikorwa vyose.

Umubonano ugira kabiri hakiriwe umupfasoni Eunice S.Reddik ajejwe vy'imfatakibanza ibikorwa mu buserukizi bwa leta zunze ubumwe za Amerika mu Burundi. Nkuko yari

amaze amezi 3 gusa muri ayo mabanga, yari aje gusaba umuco ku vyerekeye politike mu Burundi, cane cane muri iki gihe turiko turitegurira amatora. Nyakwubahwa Umukuru w'Inama Nshingamateka yarijeje uwo mushitsi amatora yo muri 2020 ko azoba meza cane kuko yateguwe n'abarundi bo nyene ubwabo. Umukuru w'Inama Nshingamateka Yamuremesheje kandi amubwira ko Imigambwe ibanye neza.

uwo mushitsi akaba yashatse kumenya igituma abarundi batari bake birukira kuba mu bihugu vy abarabwo, ati ubwo ntaco bipfana

n'urudandazwa rw'abantu ?Nyakwubahwa Pascal NYABENDA yamwishuye ko hariho abenegihugu bajayo kandi bidaciye mu mategeko ; ku mvo zo kurondera akazi. Ati mu gihe rero bishitse bagasinzikarizwa ubuzima, ati muri ico gihe Leta ntibiyiraba. Nyakwubahwa Umukuru w'Inama Nshingamateka yarasavye kandi uwo mushitsi ko yovugira Uburundi mu migambi y'iterambere yatunguye .Agasaba ko Leta zunze ubumwe za Amerika.

Pétronie BUCUMI

Umubonano wahawe uwuserukira ubu Holande mu Burundi.

Imbere yo kugira ico afasha urwaruka ni vyiza ko yobanza kumenya ivyo bahajije, ni ivyashikirijwe na Nyakwubahwa Umukuru w'Inama Nshingamateka kw'igenekerezo rya 10 nyakanga 2019 mu mubonano yari yahaye umupfasoni Caecilia WIJGERS aserukira igihugu c'ubuholande mu Burundi, nkuko vyashikirijwe n'umuvugizi w'Inama Nshingamateka Alexis –Badian NDAYIHIMBAZE.

Nk'uko yabishikirije imbere y'ibimenyeshamakuru, uwuserukira ubuholande mu Burundi , intumbero y'urwo rugendo yavuze ko yari aje kwimenyekanisha, ico kikaba ari ikintu nyamukuru kugira



azoroherwe muvuyo ajejwe. Ikindi naco ati kwari ukugira bakorere hamwe urutonde rw'ivyo bazofashanya hagati y'ivyo bihugu uko ari bibiri. Umuguvugizi w'Inama Nshingamateka akaba

yamenyesheje ko ubuholande bufasha Uburundi mu bintu vyinshi.

Nko mu gisata c'inyigisho, Ubuholande bufasha muvuyo kugaburira abana ku mashure. Nyakwubahwa Umukuru w'Inama

Nshingamateka akaba yarashimye ko, ivyo vyatumye igitigiri c'abana baheba ishure kigabanuka.

Uwo mushitsi akaba yashaka kandi kumenya uko vyogenda kugira babandanye umugambi wa DESS akorana n'urwego rw'intwaramiheto n'abapolisi. Ikindi nuko igikorwa co kurwanya inzara ari kimwe kiraje ishingane igihugu c'Ubuholande, ifasha mukuturonsa umwawu w'ikizungu. Nyakwubahwa Umukuru w'Inama Nshingamateka, yaciye avuga ko akamaro k'umwawu w'ikizungu atari agaseseshwa rumuri, ati

umwimbu waragwiriye.

Ku vyerekeye ubudandaji naho, igihugu c'ubuholande kikaba cipfuzaga gutanguza kurungika ibidandazwa gicishije mu ruzi tanganyika. Imbere rero yuko batangura umubonano w'abantu bose begwa n'ico gisata urakenewe. Nayo kuvyerekeye ivyegeranyo vyamye bitanga n'ubumwe bwa Buraya ku Burundi, igihugu c'Ubuholande, nk'ikiri mu bumwe bwa Buraya cipfuzaga gusubira kuvyura imigenderanire hagati y'Uburundi n'ubumwe bwa Bulaya kugira ahabaye ukudatashurana

bahashire umuco.

Nayo ku vyerekeye ikirango c'amatora ya 2020, Nyakwubahwa Pascal NYABENDA yabwiye uwo mushitsi ko imyiteguro igeze ku ntambwe ishimishije. Nkuko Nyenicubahiro Umukuru w'igihugu c'Uburundi yabishikirije, amatora ya kino gihe yateguwe n'abene burundi ubwabo 100%. Nyakwubahwa Umukuru w'Inama Nshingamateka akaba yasavye ko, muri ayo matora, Ubuholande bwoyakurikiranira hafi.

Christine NAHIMANA

Umukuru w'Inama Nshingamateka yarahaye umubonano Umunyamabanga Mukuru w'Ihuriro ry'Amanama Nshingamateka na Nkenguzamateka zo mu bihugu vyo mu karere k'ibiyaga binini.

Ku munsu wa gatanu igenekerezo rya 20 nyakanga 2019, Umukuru w'Inama Nshingamateka Nyakwubahwa Pascal NYABENDA, ari kumwe n'abagize ibiro vy'Inama Nshingamateka, yarahaye umubonano Nyakwubahwa Onyango KAKOBA, Umunyamabanga Mukuru w'Ihuriro ry'Amanama Nshingamateka na Nkenguzamateka zo mu bihugu vyo mu karere k'ibiyaga binini.

Hamwe nabo bari bagendanye, bakaba bari baje mu Burundi kwirabira ingene integuro z'inama igira iya 10 y'iryo huriro iriko iragenda, bongere bakorane n'umugwi washinzwe n'Inama Nshingamateka na Nkenguzamateka z'Uburundi uriko urayitegura. Iyo nama ikaba izobera mu Burundi mu kwezi kwa kigarama 2019. Muri uwo mubonano, bakaba rero bavuganye ivyerekeye aho imyiteguro igeze, ibijanye n'ibintu bimwe bimwe vya

nkenerwa nk'amazu azoberamwo iyo nama, amahoteri abashitsi bazoraramwo, ivyo bazofungura,

yarijeje uwo mushitsi ko Inama Nshingamateka na Nkenguzamateka z'Uburundi ataco



ivyerekeye umurindi w'ikirere co gukoresha imbuga ngurukanabumenyi, ingene abazozamuri iyo nama bazokwiyunguruzamuri i Bujumbura,... Nyakwubahwa cane Umukuru w'Inama Nshingamateka akaba

zitariko zirakora kugira ngo iyo nama izogende neza n'abazoyizamwo bazomererwe neza mu Burundi.

Arlette AKIMANA

UMUKURU W'INAMA NSHINGAMATEKA YARITAVYE IBIRORI VYO GUSEZERA UBWANYUMA UWAHOZE ARI UMUKURU W'IGIHUGU CA ZIMBABWE ROBERT GABRIEL MUGABE



Robert Gabriel Mugabe w' imyaka 95 yashinguranywe iteka ku wa 14 nyakanga 2019, yari yitavuye Imana ku wa 06 nyakanga 2019 inyuma yo kumara amezi arenga atanu agwariye mu bitaro vyo mu gihugu ca Singapour. Ivyo birori vyo kumusezera irya nyuma vyabereye i Harare ku murwa mukuru wa

Zimbabwe bikaba vyari vyatewe iteka n'abategetsi batandukanye bo ku mugabane wa Afrika n'ahandi.

Ku kibuga c'umupira c'i Harare ibirori vyatangujwe no kurasa hejuru ibisasu vya rutura bigaragaza ko Robert Gabriel Mugabe ari incungu y'igihugu, se w'umuryango wa Zimbabwe akongera akaba umwana w'umugabane wa Afrika.

Abakuru b'ibihugu hamwe n'abategetsi batandukanye bavuye mu mice ine y'isi na cane cane abava ku mugabane w'Afrika bakaba bari bitavuye ivyo birori ari benshi. Muri ivyo birori umukuru w'igihugu c'Uburundi akaba yari yaserukiwe n'umukuru w'Inama Nshingamateka Nyakubwahwa Pascal NYABENDA ari kumwe

n'umushikiranganji w'umutekano no gukinga ibiza Alain Guillaume Bunyoni.

Abategetsi batandukanye bitavuye ivyo birori vyo gushingurana iteka incungu y'ukwikukira kwa Zimbabwe bakaba bagiye barafata amajambo bashima ukwitanga kw'uwohoze ari umukuru w'igihugu ca Zimbabwe. Nk'incungu ya Afrika, niwe ngabanwa izokwama mu mitima y'abenegihugu ba Afrika. Abashikirije amajambo bose baremeje ko Afrika ibuze umugwanyi yaharaniye ukwishira n'ukwizana kwa Afrika. Wabaye umwanya mwiza kandi wo kwerekana no kugaragaza ishusho ya politike ku mukuru w'igihugu ca Afrika y'epfo Cyril Ramaphosa, aho imbere yo gushikiriza ijambo abaraho babanje kugaragaza umubabaro bafise mu kuvuza urwamo berekana Afrika y'epfo iriko ifata nabi abirabure, bikaza gusukwamwo mabisi n'uwihabeye Imana yari ngaho; maze Cyril Ramaphosa abona gushikiriza ijambo ryo gusaba imbabazi ku mabi ariko akorerwa abanyamahanga baba mu gihugu ciwe. Muri aya majambo yavuze ati : « Ndemeje kuri uno mwanya imbere yanyu, ko abanya Afrika y'epfo atari abanyamacakubiri afatiye ku bwenegihugu, abanya Afrika y'epfo ntibanka abava mu bindi bihugu, kw'izina ry'abanya Afrika bose, ndasavye imbabazi.»

Uwakoreye mu ngata Robert Mugabe mu mabanga yo kurongora igihugu ca Zimbabwe Emmerson Managagwa mw'ijambo ryiwe yaboneyeho akaryo ko gusaba vyihuta gikurwako ry'ibihano mpuzamakungu vyafatiwe ico gihugu mu ntumbero yo gutera iteka umuhisi Robert Mugabe bariko basezera ubwanyuma. Nyakwigendera Robert Mugabe akazoshinguranwa iteka mw'itongo ry'incungu zaharaniye ukwikukira

kwa Zimbabwe. Mukamenya ko bizofata ikiringo c'ukwezi kwose mu kurindira ko hubakwa intatemwa y'uwo mwubahwa mu mateka ya Zimbabwe.

Providence NIKIZA



IVYARANGUWE N'ICEGERA CA MBERE C'UMUKURU W'INAMA NSHINGAMATEKA



ICEGERA CA MBERE C'UMUKURU W'INAMA NSHINGAMATEKA YARITAVYE INAMA IGIRA 10 Y'ABAKURU B'INAMA NSHINGAMATEKA NA NKENGUZAMATEKA B'IBIHUGU VYO MU MUGABANE WA AFRIKA

Ku magenekerezo ya 6 na 7 myandagaro 2019 icegera ca mbere c'Umukuru w'Inama Nshingamateka, umushingamateka Agathon RWASA yaritavye inama igira 10 y'abakuru b'Inama Nshingamateka na Nkenguzamateka b'ibihugu vyo mu mugabane wa Afrika yabereye i Midrand muri Afrika y'epfo. Hariyo na bamwe mu bashingamateka n'Abakenguzamateka ndetse n'abakozi bo mu Nama Nshingamateka bari baserukiye Uburundi muri icyo nama.

Abo baserukiye Uburundi muri icyo nama bari barongowe na Nyakwubahwa Umukuru w'Inama Nkenguzamateka, Umukenguzamateka Réverien NDIKURIYO. Ivyavugiye muri icyo nama, vyari ahanini bifatiye ku civugo : « turonderere umuti urama

ku guhunga kugira dufashe umugabane wa Afrika gutera imbere : uruhara rw'Abashingamateka n'Abakenguzamateka bo mu bihugu bigize akarere ». Muri icyo nama rero Uburundi bwatowe iteka mu gutorwa mu ndongozi z'icyo nama igira 10, mu kibanza c'icegera ca kabiri c'umukuru w'icyo nama.

Uwurongoye icyo nama y'Abakuru b'Inama Nshingamateka na Nkenguzamateka za Afrika(PAP) Roger Nkodo Dang, mw'ijambo ryiwe yashikirije mu kwugurura ibikorwa ; yashimikiye cane ku ruhara rw'abatora amabwirizwa n'amategeko muri icyo gihuhusi c'uguhunga gihanze umugabane wa Afrika. Ibibazo muri politike, umutekano muke, uguhonyanga agateka ka zina muntu,

ukutarondera ico abantu bakora, ihindagurika ry'ikirere, ... nivy bituma haba ukwo guhunga. Uwari arongoye icyo nama yiyumviriye ko gushiraho urwego rukomeye ruraba ivy'imigenderanire n'ayandi makungu birashobora gufasha bikarama.

Umupfasoni Gabriela Cuevas Barron, asanzwe arongoye ihuriro ry'Inama Nshingamateka na Nkenguzamateka, yari yateye iteka icyo nama mu kuyizamwo, muvuyo yashikirije yerekanye icyo ihuriro ry'ama Nama Nshingamateka na Nkenguzamateka ajejwe. Iryo huriro ry'Inama Nshingamateka rifafasha mu bintu bitandukanye igakurikirana n'ibibazo bijanye n'ubutunzi, imibano na politike bimwe mu bibazo Inama Nshingamateka na Nkenguzamateka zigize uwo

muryango zama zigira, UIP ikama igerageza gukorana n'izindi Nama Nshingamateka na Nkenguzamateka ikongera igahamagarira Inama Nshingamateka na Nkenguzamateka z'umugabane wa Afrika kwinjira.

Igenekerezo rya 6 myandagaro niho abarongoye Inama Nshingamateka na Nkenguzamateka n'abaje baserukiye ibihugu vyabo bashikiriza ico biyumvira ku vyerekeye ku civugo bakoreyeko. Muri iyo nama hari hitavye abakuru b'Inama Nshingamateka na Nkenguzamateka bagize uwo muryango, tutibagiye Abashingamateka n'Abakenguzamateka bo mu karere. Uburundi bwaraserukiwe ukaba kugira bwifatanye n'abandi muri ico kibazo c'ukwimuka kw'abantu mu bihugu vyo mu mugabane wa Afrika.

Intumwa z'Uburundi zikaba zaranezerewe nuko Leta zunze ubumwe, kw'igenekerezo rya 19 nyakanga 2016 i New York, Leta ziri muri uwo muryango ziyemeje gushiraho amasezerano kw'isi yose yuko hoba abambukira bizwi kandi biteguwe neza. Ayo masezerano agatuma amakungu aronka akanya ko kugira ico aterereye mu gukurikirana ico gikorwa c'ubwambukira, n'ugufasha mu bibazo bishika muri ico gikorwa. Ivyo ni ivyashikirijwe n'icegera ca mbere c'Umukuru w'Inama Nshingamateka, Umushingamateka

y'Uburundi ikora uko ishoboye kugira ikureho ibituma bahunga igihugu ; aho twovuga ukudatera imbere, ubutunzi butiyongera uko



bikwiye, isumbasumbana ry'ubutunzi, imitahe igenda izimira ku buryo budasiguritse , abantu b'umurengera bitegwa n'igwirirana ry'abantu rirengeje, ibishomeri vy'umurengera , ubutandukane mu mico n'ubutunzi, inorane zishingiye kuri politike, ugushamirana kw'inzego z'umutekano, ukutumvikana mu kibano, agahahazo, uguhonyanga agateka ka zina muntu, ibiza biterwa n'ihindagurika ry'ikirere,

c'abahunga, bisaba ko hobaho imigambi myinshi yo kwiteza imbere muri Afrika kugira habeho akazi, gufata mu mugongo imigambi yo kwiteza imbere n'ugufasha impunzi, gushigikira Afrika, gushigikira ibihugu vya Afrika bisanzwe vyakira impunzi nyinshi ,ukurwanya bimwe biboneka urudandazwa rw'abantu tutibagiye guteza imbere uburongozi mu bihugu vyose vya Afrika.

Ku vyerekeye Uburundi, icegera ca mbere c'Umukuru w'Inama Nshinamateka yavuze ko Uburundi butegerezwa guhangana n'ingorane y'abenegihugu n'ugukurikirana kandi abagendera iki gihugu. Nk'akarere kama kagira ibibazo vy'umutekano imyaka amajana abiri(200) irazeze; cagumye ari igihugu gifise impunzi mu bindi bihugu, igihugu impunzi zicamwo zihunga, kikaba kandi igihugu cakira impunzi.

Nkuko kandi Uburundi bwamye burangwa n'ugushira hamwe, ugushigikirana n'ugufashanya ata kurabana ku jisho, Uburundi bwariyemeje guhangana n'ivyo bibazo bitandukanye vy'impunzi, nk'uko bubisabwa na Leta zunze ubumwe ndetse n'ubumwe bwa Afrika, tutibagiye n'uko amategeko y'Uburundi abisaba.



Agathon RWASA.

Nykwubahwa Agathon RWASA yamenyesheje yuko Leta

n'ubuhinga buke mu vy'intwaro.

Akaba yaciye yongerako ati, muvyapfundikiwe mu nama



Yabandaniye Agathon RWASA avuga yuko Uburundi bwashizeho politike y'igihugu iraba ivy'impunzi, irazwa ishingira n'ukubona abenegihugu n'impuzi babayeho neza. Iyo politike ikaba ifatiye ku gukurikirana neza uruha n'urusha ku mbibe z'igihugu, ukwinjira, n'imibereho y'impunzi, uguhunga bitemewe n'amategako canke biciye mu mategeko, umwitegemvye mu gutembera mu bihugu bigize aka karere, impapuro z'inzira, uguhunguka n'ugushyirwa mu vyabo abarundi, abarundi baba mu mahanga, isano riri hagati yo guhunga n'umutekano, akazi, urudandazwa, ubwengehugu, urwaruka, kunganisha ibitsina n'amagara y'abantu. Nkuko ikibazo c'impunzi gihuriweko n'ibihugu bitandukanye, Umushingamateka Agathon RWASA yamenyesheje ko Uburundi bwashize umukono ku masezerano agenga impunzi,

bwiyemeza kandi gukorana n'ibihugu vyiyemeje gukurikirana hamwe ibijanye n'uguhunga. Bwipfuzwa gutsimbataza ukwo gufashanya mu ntumbero yo gutorera umuti impunzi wo mu karere ndetse n'iziri mu yandi mahanga. Nico catumye intambuko zo kwemeza amasezerano yo mu 1954 rigenga ababa mu bihugu ata bwenegihugu bwaho bafise n'amasezerano yo mu 1961 ajanye n'ukugabanya ivy'ikuba mu bihugu udafise ubwengehugu, vyabandaniye.

Ni muri icyo ntumbero abashingamateka n'Abakenguzamateka bo muri Afrika bavuzweko cane muri icyo nama mu vyerekeye amategako agenga impunzi n'ibibazo bijanye n'uruhungu. Icegera ca mbere c'Umukuru w'Inama Nshingamateka yavuze ko Abashingamateka

n'abakenguzamateka bo muri Afrika bashobora gufasha mw'ishirwaho ry' amategako yofasha ibihugu vya Afrika ku vyerekeye uguhunga agafasha n'impunzi ubwazo.

Yaheraheje ijamba ryiwe avuga ko abanyafrika bosubiza agatima impembero, kubona umugabane umwe utungisha iyindi migabane y'isi ikaguma mu bibazo vy'urutavanako ati hari hageze ko twosuzuma uburyo intwari zikora, bagashira imbere ineza y'abenegihugu.

Mwumenye kandi ko muri icyo nama hari hitavye abakuru b'amanama Nshingateka na Nkenguzamateka bo mu bihugu vya Afrika n'abashingamateka bo mu karere.

Providence NIKIZA

IVYARANGUWE N'ICEGERA CA KABIRI C'UMUKURU W'INAMA NSHINGAMATEKA

Icegera ca kabiri c'Umukuru w'Inama Nshingamateka yaraterereye agacumu k'ubumwe mu bikorwa vyo gusanura ishure ryisumbuye rya kirundo bakunze kwita Lycée NDADAYE.



Uyu musigirizwa turubakira inzu y'amanama, ejo naho uzosanga turiko twiyubakira amahunguriro. Iryo bikaba vyashikirijwe n'icegera ca kabiri c'Umukuru w'Inama Nshingamateka Nyakwubahwa Jocky Chantal NKURUNZIZA ku munsi wagatandatu igenekerezo rya 21 nyakanga 2019 aho yari yagiye kwifadikanya n'abenegihugu hamwe n'abanyeshure b'ishure ryisumbuye rya Kirundo bakunze kwita Lycée NDADAYE mu bikorwa

vy'iterambere rusangi. Iryo bikorwa bikaba vyari ivyokwubakira imigende y'amazi y'imvura ava ku mabati y'inzu y'amanama y'iryo shure. Iryo

Perezida NDADAYE Melchior igihe ryubakwaga mu 1993 nk'ibohoro, ariko Umukuru w'Igihugu Nyenicubahiro NDADAYE Melchior aca arabihindura arigira ishure.

Icegera ca kabiri c'Umukuru w'Inama Nshingamateka akaba yahamagariye abanyaKirundo kwijukira kuja mu ma koperative, na rirya intara yabo ikunda guhura n'uruzuba, ivyo vyoba nk'inyishu y'ubwoko kurwanya inzara.

Ati iyaba abenegihugu bose bokwijiye amakoperative asanzwe yaramaze gutangurwa ku mitumba yose,



shure riri ku murwa mukuru w'intara ya Kirundo ryagiye kwitirirwa Incungu ya Demokarasi

Kirundo yosubiye kuba ikigega kigaburira izindi ntara nk'uko vyari kera, aho ibiharage n'amasaka vyitirigwa intara ya Kirundo.

Ati nubu birashobora kumera nka kera, kuko mugiyeye hamwe muma koperative muca murimira hamwe umwimbu agaca uza ari mwinsi.

Umushingamateka Jocky Chantal NKURUNZIZA, yarabasavye kandi kubumbatira amahoro n'umutekano, ati nta na kimwe cokunda ata mahoro n'umutekano bihari. Ati intara ya Kirundo ihana urubibe n'igihugu c'Urwanda, ati n'ukuguma murikanuye kuko amatora yegereje ya 2020 ntiyoshobora kuba ata mahoro n'umutekano bihari. Ikindi yagarutseko ni icerekeye kuvyara ku rugero. Ati ingo zifise abana benshi ziraruhisha Leta, kuko nayo irakora

ubwigoro budasanzwe mu kuvura no gusomesha abana ku buntu. Ati

Nykwubahwa Jocky Chantal NKURUNZIZA akaba yacyiye atanga



ukuvyara bake bitegerezwa kujana n'iterambere ry'igihugu, naho ata tegeko rihari, vyiza n'uko ata muryango worenza abana batatu. Ahejeje gushikiriza ijambo,

imfashanyo igizwe n'umuceri kuri bantahonikora.

Christine NAHIMANA

Icegera ca kabiri c'Umukuru w'Inama Nshingamateka i Butezi, mu munsu mukuru w' amakomine igice ca 2019

Abarundi barangurira imirimo yabo mu mahanga bari bakwiye kwitwararika iterambere ry'amakomine yabo.

ca 2019. Ivyo birori vyama bihimbazwa uwagatandatu wa mbere w'ukwezi kwa myandagaro uyu mwaka waranzwe n'ukwinjira

Butezi ugashika i Sorero . Yakurikijeko inzu y'ingenzi iri ku murwa mukuru wa komine Butezi bise « Big Butezi Lodge ». Yarinjiye kandi n'ivuriro ritoyi ry'i Bukamba n'uburaro bw'abafoma kuri iryo vuriro nyene. Yahereje kwugurura umuhora w'umuyagankuba w'i Mubira. Abenegihugu rero bakaba baragize urugendo, bashigikiye n'icegera ca kabiri c'Umukuru w'Inama Nshingamateka Jocky Chantal NKURUNZIZA, urwo rugendo rwabashikanye ku murwa mukuru wa zone Mubira, aho ibirori vyo guhimbaza uwo munsu mukuru vyabereye. Ibirori rero bikaba vyari bigizwe n'intambo ndangakaranga zitandukanye abarorerezi bose bakaba babikurikirana bicaye ku musezero w'ubwatsi.

Musitanteri wa komine Butezi yacyiye ashikiriza ivyaranguwe mw'ikomine n'imigambi ya kazoza. Ico gihe yacyiye ashikiriza



Ako ni akamo katewe n'icegera ca kabiri c'Umukuru w'Inama Nshingamateka kw'igenekerezo rya 3 myandagaro 2019 muri komine Butezi intara ya Ruyigi , mugihe bariko barahimbaza umunsu mukuru wahariwe amakomine igice

inyubakwa nyinshi zubatswe muri iyo komine. Icegera ca kabiri c'Umukuru w'Inama Nshingamateka Jocky Chantal NKURUNZIZA yatanguye kwinjira ishure shingiro ry'i Sorero n'umuhora w'umuyagankuba uva i

udushimwe abitanze gusumba abandi mu guteza imbere ikomine .Umupfasoni MBONIMPA Georgine yarashimiye cane uwubatswe ihoteri bita « Big Butezi Lodge ». Naho uwo BIGIRIMANA Yohani Batisita atari mu gihugu, musitanteri yarashikirije ijamba afatiye kuri icyo nzu y'ingenzi, amajamba atuma abari mu mahanga bateza imbere icyo bava ha kugumiza amafaranga yabo mu ma banki.

Icegera ca kabiri c'Umukuru w'Inama Nshingamateka nawe akaba yarahaye agashimwe musitanteri wa komine Butezi ku nguvu akoresha kugira ateze imbere ikomine yiwe. Umushingamateka Jocky Chantal NKURUNZIZA yarabaciriye ku mayange akamaro k'umuyagankuba mu gace uba urimwo: birafasha abanyeshuri bari mu mashuri y'imyuga kwiga neza kuko biga bashira mu ngiro icyo bize, umwimbu uriyongera mu burimyi n'ubworozi, canecane icyo bakoreye hamwe mu ma koperative. Ivyuma kumbure bikuba canke bihingura

ivyimbirwa biragwira, utuzu two guhingura no kumwa imishatsi turagwira ;ariko icyo vyose bishoboka mu gihe hariho amahoro n'umutekano, akaba yaciye

n'inyabune: abajejwe intwari, abajejwe umutekano, abajejwe ubutungane abo bose bakorana neza n'abenegihugu vyose bica bigenda neza. Yaciye kandi abasaba



ahamagarira uwariwe wese kwitwaririka icyo bintu aho aherereye. Icegera ca kabiri c'Umukuru w'Inama Nshingamateka akaba yaciye abereka ko icyo kintu gishoboka ngo kuko hariho ya nyabutatu , ya komite y'umutekano igizwe

ko bokoresha neza ya makaye y'urugo. Ibirori rero bikaba vyaherahejwe no gusangira inyobwa n'imfungurwa ndangakaranga.

Christine NAHIMANA

Kugira isuku biri mu mwitwarariko w'Icegera ca Kabiri c'Umukuru w'Inama Nshingamateka.

« Iyo amabarabara akoze neza, iterambere rika rikurikira ». Ivyo ni ivyashikirijwe ku munsu wa

c'Umukuru w'Inama nshingamateka. Umushingamateka Jocky Chantal NKURUNZIZA yari yifatanije n'abenegihugu bo mu



Bose hamwe barasibuye ibarabara ry'imigenderanire hagati y'amakomine ya Kiremba na Marangara. Yaboneyeho no kuvunira akagohye abo benegihugu bitabirira ku bwinshi akamo, yamara hagakora bake bitewe n'ubukene bw'ibikoresho mu gihe hari abatabizana, bakiyizira bwa burorererezi kandi bari bararikiwe akazi. Nk'icyo umwe wese yari kuba yizaniye igikoresho, ngo nta nkeka yuko hari gusanurwa igice kinini c'icyo barabara ry'imigenderanire. Nayo ubundi, Umushingamateka Jocky Chantal NKURUNZIZA, mw'ijamba yashikirije inyuma y'icyo bikorwa rusangi, yibanze cane cane ku mugambi wa Leta ujanye n'ugushyira amakoperative. Ati ni

gatandatu, igenekerezo rya 28 Nyakanga 2019 n'Icegera ca Kabiri

karere ka Gitaro, aho ni muri komine ya Kiremba yo mu ntara ya Ngozi.

uburyo Leta yishinze mu ntumbero yo kuduza imibereho y'abenegihugu, gushika no kuri

bwo gushikira iterambere rirama. Ati mbega ninde ga yemweyokwanka kwisununura mu

n'abatama. Ngo nayo ubundi, abajewe umutekano baza iyo bibaye ngombwa, abagizi ba nabi nabo, barabashengeza mu butegetsi, bishobotse bakanarengutswa mu butungane. Yarabingize kwama bisunga iyo nyabune.



banyarucari. Yaboneyeho no gushikiriza ivyiza vyamuka kuri uyo mugambi. Ati ugukorera hamwe mu kibiri mu makoperative, bituma umwimbu wiyongera, gurtyo umunywanyi wese akaronka ico atahana ku muhana iyo bamaze kugabana uyo mwimbu. Gurtyo, umuryango uca ufungura neza, umusesekara bakawushora mw'isoko, amafaranga bakuyemwo nayo agaca abasahiriza mu tundi twa nkenerwa. Ikindi naco, mu makoperative, abanywanyi barahungukira abagenzi, kuko baca banywana nk'abavukanyi. Vyongeye, barahanahana ubumenyi n'amakuru agezweho. Yaribukije kandi ko amakoperative yamye mu Burundi, kuva ku gihe c'Umuganwa Ludoviko RWAGASORE. Yaranakebuye ko bitora indongozi mu bakenyezi n'abagabo b'ijunja n'ijambo. Yarahamagariye kandi imvukira gushigikira uyo mugambi w'amakoperative.

Naho biri uko, yaragabishije ko hari abatovyita yindi ntumbero bafise atari ukujuragiriza abenegihugu. Ati murabime amatwi. Ati bazobabesha ko koperative ari umugambi werekeye gusa abanywanyi b'umugambwe uri ku butegetsi, CNDD-FDD. Ati muravyamirira kure. Ahubwo ngo uyo mugambi w'amakoperative ni uburyo burashe

mibereho yiwe ? yabajije ico kibazo mu ntumbero yo kugaragaza ko uyo mugambi w'amakoperative werekeye uwariwe wese. Karahara mu ruganda ntibacura ! Icegera ca Kabiri c'Umukuru w'igihugu yaribukije uyo mwibutsa mu ntumbero yo kugaragaza ko ata ntambwe n'imwe mu nzira y'iterambere ishoboka mu gihe amahoro n'umutekano bitiganje. Ari nako kubatumirira kubungabunga ayo mahoro n'umutekano babicishije muri ya

Umushingamateka Jocky Chantal NKURUNZIZA yarongeye arakebura abenegihugu bo ku mitumba 45 igize iyo komine ya Kiremba kwijukira kuvyara ku rugero. Ati nimwibaruke abo mushobora kuronsa ivyankenerwa, Leta nayo ikuhirira mubijanye n'indero hamwe n'amagara y'abantu. Iyo abenegihugu babaye umurengera, biravuna Leta, nk'uko Icegera ca Kabiri c'Umukuru w'Inama Nshingamataka yabandanije abisigura, imbere yo kwiyamiriza inda z'indaro. Yateye akamo abigeme kwirinda kwibaruka batarakwiza imyaka 18, aca aboneraho no gutumirira abahungu gukurikirana indero ya bashiki babo. Yaribukije ko mu minsi yahera, bibaruka kugera ku mwana wa 13 bita NTAZINA. Yamara ubu, Leta yashinze igitigiri c'abana batatu ku



makomite y'umutekano, kanatsinda abenegihugu nibo bayafisemwo uruhara runini, mu gihe bayahurikiyemwo mu migwi itandukanye, haba abagabo, abakenyezi, urwaruka, imiyabaga

muryango, urugero rutarengwa rukaba urwa batanu. Yaciye asubiramwo Umutambukanyi w'Umukuru w'igihugu atumirira umwe wese kuba umuco w'igihugu. Kuvyerekeye amatora yimirije mu

2020, Umushingamateka Jocky Chantal NKURUNZIZA yahanuye kuyitegurira batekanye. Ati intumbero y'iryo sango ngo ni ukwitorera indongozi. Amatora aheze, ngo ubuzima buca bubandanya ukwo bwahora. Ku

bijanye n'imyiteguro nyezina, ngo abenegihugu bazozababimenyeshya uko bizogenda bikurikirana. Naho Umukuru w'igihugu yamenyesheje ko uburyo bwo gutunganya amatora bwakwiye, Icegera ca Kabiri

c'Umukuru w'Inama Nshingamateka yarateye intege aboba bavyipfuza kubandanya baterera.

Christine NAHIMANA

Kwiga integuro z'amabwirizwa Ibibazo vyunganiwe vyabajijwe Umushikiranganji ajejwe amagara y'abantu no kurwanya SIDA.



Amazi ya Tanganyika arimwo imigera y'indwara ya Korera, nk'uko vyemejwe ku munsu wa kabiri, igenekerezo rya 27 myandagaro 2019, n'Umushikiranganji ajejwe amagara y'abantu no kurwanya Sida, muganga Thaddée NDIKUMANA yaransanzwe ariko arishura ku bibazo vyunganiwe vyabajijwe c'Abashingamateka bamubajije, yaboneyeho kudondagura ingingo zo guhangana n'ico kiza: aha twovuga nko kwugurura amabombo rusangi.

Iyindi ngingo itegekanywa ni iyo kwegeranya uburiro butobuto busanzwe burangwa n'isuku rike, mu makoperative yoyo ashoboye gukora uburiro bubereye. Ubwo bushikiranganji bwiteguriye kandi guhimiriza ubutegetsu bubijewe

kwubaka utuzu twa Surwumwe rusangi mu turere tumwe tumwe two mu gisagara. Afatiye ku bituro vy'amabisi, iyo ntumwa ya Leta yasiguye ko utwo tuzu twa Surwumwe twoca dushingwa abakoresha ivyo bituro vy'imiduga, nk'abakokayi, abatwara imiduga yunguruzabantu, amapikipiki, amakinga, n'udutukutuku. Akizera ko ico gikorwa cokworoha mu gihe abo bakoresha ivyo bituro basanzwe baturikiye mu mashirahamwe. Ayo mashirahamwe niyo yosukura utwo tuzu, akongera agatoza n'amafaranga y'abaje kudukoresha. Vyongeye, ubwo bushikiranganji busaba ubushikiranganji bujejwe intwari yo hagati mu gihugu gushinga umurwi w'igipolisi kijejwe isuku, abo bapolisi bakazoba bujejwe guhana abata imicafu aho babonye nk'amasashe canke ibindi

vyari bitekeye ivyo basumye. Yamara, ngo imbere yuko uyo mugwi uja ku kivi, ngo hobanza gushingwa ibigunguru vyo gutamwumwavyu.

Nk'uko isuku ari inkoramutima, inama ya bese yarunganiye Umushikiranganji. Nk'akarorero, hari Umushingamateka yaterereye icyumviro c'uko Ubushikiranganji bujejwe intwari yo hagati mu gihugu, guhimiriza ribicishije ku nsamirizi mu ntumbero yo guhindura ingendo. Ati umuntu arinamura agacira, canke akikokomora kandi ari mw'ishengero ry'abantu. Canke naho ugasanga umweneigihugu yambaye impuzu utopfa utoye ibara ryayo kubera ubucafu. Hari n'abandi bashobora kumara umwaka wose batiyogeje umubiri wose. Bene abo bantu biyozabantu mu maso, ku maboko no ku maguru, bakabababereye.

Mu turere tumwe tumwe tw'igisagara abenegihugu bigurira

mpungenge, Umushikiranganji w'amagara y'abantu no kurwanya



ibibanza bitabanje gutegurwa, ivyo bita « viabilisation », ubutegetsi busaba ko bene amazu bokwicira imiserege. Yamata, muri mwene iyo miserege itubatse, ndetse itanatemba, amazi aca yuzurana. Abakerebutse baca bikora kuri ayo mazi nyene mukuvomera imirima y'irengarenga bamijira mu mpangu zitarubakwa.

Inama ya bose yarashimikiye kandi ku tuzu twa surwumwe duteza urubwa imihana imwe imwe. Yamara ngo hari n'utundi turere utwo tuzu tugoye kwimba kubera ubwoko bw'isi. Nk'i Buringa, muri komine ya Gihanga yo mu ntara ya Bubanza, isi yaho ntigumye, wimvye ikinogo, ubwo nyene umusenye uca ugifurira. Ku rundi ruhande naho, muri komine ya Mpanda yo muri iyo ntara nyene, amazi aca adudubiza utarimba n'imetero imwe. Kuri izo

SIDA arahumuriza, ati mu gihe ca none hasigaye hari ubuhinga bwo kwimba utuzu twa Surwumwe mu bwoko bw'isi bugoye.

Ingendo yo ku bitaro KIRA HOSPITAL bitemera umurwaza yarahaririweko cane mu nama ya bose. Kuri bamwe, umurwayi arakenere incuti yiwe yomurwaza. Bati kira noneho, iyo ubisavye barabikwemerera. Gusa, ngo bompi ntibarara ku gitanda kimwe. Bati birababaje kubona umurwaza yanduzwa n'umurwayi. Muganga Thaddée NDIKUMANA asaba abajejwe indero gushinga igisata co kwigisha abarwaza canke abarerura abarwayi mu banyeshure bahejeje ECOFO.

Abashingamateka baragaragaje kandi amakenga bafise kuvyerekeye ibikoresho vyo kwa muganga bikora umwanya muto bigaca bipfa.

Intumwa ya Leta yarashigikiye

Abaserukira abenegihugu, aca abasigurira ko ingorane ihagaze ku bukene bw'abahinga bajeje gukora ivyo bikoresho iyo vyakwamye. Ari nako kubizeza ko kuva ubu, mu kiguzi c'ibikoresho, bazoharuriramwo uburyo bwo kubikora bigize ingorane.

Kuvyerekeye ukwikingira indwara ya EBOLA, Umushikiranganji ajejwe amagara y'abantu no kurwanya SIDA yamenyesheje ko Leta yatanze uburyo bwo kugura ibikoresho. Ari nako kudondagura igikoresho bita thermoflash kijejwe gupima ubushuhe umurwayi ari kure, isabuni yica uwo mugera, impuzu zo kwikingira, imiduga ya rusehabaniha yagwijijwe, urucanco rukinga iyo ndwara iyo iturutse muri RDC rwatewe abakozi batowe mu bandi kugira baze bavure abarwayi. Insiguro ngo ni uko abavura bose batoterwa urwo rucanco mu gihe iyo ndwara ya EBOLA ifise ubwoko bwinshi, bivanye n'igihugu yamutsemwo. Yamara ngo uwo ari we wese azoronka urwo rucanco igihe ishirahamwe mpuzamakungu rijejwe amagara y'abantu, OMS mu ncamake, ryubuye urwo rucanco ku bwoko bwose bw'iyo ndwara ya EBOLA.

Christine NAHIMANA

Ibibazo vyunganirwe vyashikirijwe Umushikiranganji w'Ubutungane, Guharanira iteka n'itekane ry'igihugu no Gushingura ikimangu ca Leta

Ibwirizwa rigenga itunganywa ry'amatongo n'ugusubiramwo impapuro ndangamatongo ni amabwirizwa abiri azohasha abanyamahanga mu mugambi wo kugura hirya no hino amatongo mu Burundi. Ivyo ni ivyashikirijwe ku munsu wa gatatu, igenekerezo rya 04

nyakanga 2019 n'Umushikiranganji w'Ubutungane, Guharanira iteka n'itekane ry'igihugu no Gushingura ikimangu ca Leta mu gihe yariko yishura ku bibazo vyunganirwa vyabajijwe n'Abashingamateka. Umupfasoni Aimée Laurentine KANYANA yariko arahumuriza

Abashingamateka ku mwitwarariko bafise ufatiye ku banyamahanga bigaruriye ibibanza biri ku nkengera y'ikiyaga ca Tanganyika, canke naho akabira kamwe k'abanyamahanga bashobora kwihagira ikaritiye imwe muri nshasha ziriko zirubakwa i Bujumbura. Yaragaragaje ko ayo

mabwirizwa akingira muri rusangi inyungu z'igihugu yihutirwa.

Abacamanza badohotse kw'ibanga ryabo, bakunze guca bimurirwa ahandi. Abashingamateka bakabaza

amatungo y'abavyeyi.

Umupfasoni Aimée Laurentine KANYANA yarabakuriye inkoni ku gishitsi. Ati iyo abavyeyi

atandukanye. Abashingamateka baratanzwe ni nuko abacamanza bibanda ku gitabu mpanavyaha aho gukoresha ibwirizwa rihana mwene ivyo vyaha, kandi ariryo rihasha bene kubikora. Vyongeye, ibwirizwa ryihariye ngo rirasumba uburemere ibwirizwa risanzwe.

Umushikiranganji ajejwe ubutungane, iteka n'itekane ry'igihugu no gushingura ikimangu ca Leta asanzwe azi iyo ngorane yemereye Abashingamateka ko muri kazoza ka vuba ayo mabwirizwa yompi azokwegeranizwa mu gitabu kimwe. Umushikiranganji Aimée Laurentine KANYANA yarashikirije kandi umugambi wo kunagura ubusho bwo ku rwego rw'amakomine kugira bwakire abagirizwa ivyaha bitobito bo mu ntara zitagira amabohero, nk'abapfungwa bo mu Cankuzo bahora bajanwa mu Ruyigi. Ati muri icyo gihe, ibikorwa vy'iminwe bihabwa abafungwa bizoheza bitere intambwe.

niba iyo ngendo aribwo buryo burashe bwo kubahana.

Kubw'Umushikiranganji ajejwe ubutungane, uguharanira iteka n'itekane ry'igihugu no gushingura ikimangu ca Leta, biragoye guhana umukozi ata vyemezo bigaragara. Ati aguma afatwa nk'umwere. Niko guca atanga akarorero ko kwagirizwa kurya ibiturire. Ati igiturire cerekeye abantu babiri, uwugitanga n'uwucakira. Aho rero aca atumirira nyene gutanga igiturire gukoresha akenge kugira umucamanza acakira afatanywe itonga. Yaravuze kandi ko gutwara abacamanza atari umurimo woroshe. Yaboneyeho kubaza yuko akarere kemeye kwakira uyo mucamanza yataye umurongo kaba kabaye ikuburiro. Ati icyo kibazo kibajijwe uwo ari we wese mu ntumbero yo kugitorera inyishu irama.

Mbega abavyeyi bitaye ku rutare bagakora baziganya, babaye abande mu gihe abana bibarutse bababuze kwikora ku twabo bitwaza ngo ni ibisigi (iragi) vyabo ? Abashingamateka babajije icyo kibazo, barasiguye kandi ko hasigaye hibonekeza ingendo y'abana bacika ibinebwe bitwaje

birondereye amatungo mu gihe bari bakibasha, kwari ukwitegurira igihe co gukukuruka mu kazi. Naho icyo Ntumwa ya Leta yemeje ko hasigaye hibonekeza abana bahohosha abavyeyi kugira bace babatorana, yaribukije ko amatungo y'umuryango ari ntakorwako mu



gihe abana bakiri bato. Kuvyerekeye amatungo naho, icyo ari itongo ry'umuheto ryarazwe na basokuru, iryo ntiriheza ngo rigurishwe. Ariko ari itongo abavyeyi birondereye, muri icyo gihe, baca barikoresha icyo bashatse. Amabi afatiye ku gitsina agengwa n'amabwirizwa abiri

Vyongeye, ngo ubu ni icyo gihe co guhimiriza abenegihugu bakamenya ko mu Bushikiranganji bujejwe ubutungane hari igisata mu gihugu cose kijejwe kwakira amasaha 24 kuri 24, ibibakiye abenegihugu. Mwokwibuka ko imibonano muri ubwo

bushikiranganji ihora iba ku muni wa kabiri w'indwi. Vuba na bwango, abenegihugu bazomenyeshwa inomeru zitariha z'ico gisata gihurikiyemw abantu bagera

kw'icumi bakomoka mu mirimo itandukanye, nk'abacamanza, abajewe amagara y'abantu n'abari mu nzego z'umutekano. Abagize ico gisata bakazokwakira ivyipfuzo

vyabene gihugu bitandukanye.

Christine NAHIMANA

Ibibazo vyunganirwa vyabajijwe umushikiranganji mu biro vy'Umukuru w'igihugu ajejwe ibibazo vyerekeye Uburundi mu muryango wa Afrika y'ubuseruko.

Mbega ntikoba ari akarenganyo kubona Uburundi butanga amahera amwe y'akigoro mu muryango wa Afrika y'Ubuseruko co kimwe na Kenya, Tanzaniya n'Ubuganda? Ico kibazo cashikirijwe n'umushingamateka yabajije Umushikiranganji mu biro vy'Umukuru w'igihugu ajejwe ibibazo vy'Uburundi mu muryango wa Afrika y'Ubuseruko ; hari kw'igenekerezo rya 5 nyakanga 2019, mu bibazo vyunganirwa yariko arabazwa. Uwabajije ico kibazo akaba yari yafatiye ku kuntu ivyo bihugu uko ari bitatu bitanganya ubutunzi.

Ati muyindi migwi, nko mu N a m a

N s h i n g a m a t e k a n a Nkenguzamateka zikoresha ururimi rw'igifaransa APF bitwararika ivy'ubutunzi. Kubera iki Umuryango wa Afrika y'ubuseruko bobo batobikora? Umushikiranganji Isabelle NDAHAYO yaciye agabisha Abashingamateka ko ari igikorwa kitoroshe kukibumvisha. Yavuze ko urwo rugamba ruri mu minwe y'abashikiranganji bajejwe ubutunzi bw'ibihugu biri mu karere ka Afrika y'ubuseruko. Ati nibo bafise

ububasha bwo kugira ico bavuze ; yorongeye aravuga kandi ko ico kibazo cari carateye impari. Muri ico gihe uca usanga ibihugu bitanga uburyo bwinshi ari vyo vyoba bifise ijambo rya nyuma.

Ikindi naco nuko ; muri uko kutanganya ubutunzi bishobora kandi guterwa n'ubwaguke bw'ibihugu ; ivyo navyo bigakora no ku turusho. Nkivyo uwo muryango

birafise ico vyokwirata nk'imitahe bashize mw'isoko rusangi , rikagira n'abakozi. Igitangaje uko twabiziga siko biri ; nk'isima ikorerwa muri Tanzaniya ikaba igurwa amahera makeyi nk'ibihumbi icenda vy'amashilingi(9.000). Yashika muri Ngara igicro kigashika ku bihumbi cumi na bibiri vy'amashilingi (12.000) kubera amafaranga yo ku kuyishikanayo. Twaraba kandi isima

ya Tanzaniya igurwa co kimwe n'isima twihingurira ya BUCECO rimwe na rimwe ikabura; ati wopfuma wigurira iyo muri Tanzaniya yoyo iramba.

Ikindi naco ibihugu bisangiye umuryango, vyategerezwa kubana nk'ibivukanyi.



ushaka guterera mu kwubaka; dufate ibarabara Makamba –Muyinga mu Burundi ngo si co kimwe no kwubaka ibarabara rihuza Kigoma ya Tanzaniya na Daresalamu. Yavuze ko kandi igihugu cose cama gitanga imiliyoni munani n'ibice bitanu(8.5 millions) ku mwaka.

B a N y a k w u b a h w a Abashingamateka barashikirije amakenga bafise : Ibihugu bigize akarere ka Afrika y'ubuseruko

Ariko iyo inzara iteye mu gihugu kimwe aho kwirukira kubatabara , haca haza amategako yo kubuza ahubwo gushora indya muri ico gihugu. Ikindi naco ni ikintu kibabaje c'urwaruka rwo mu ntara ya Karusi na Muyinga baja mu gihugu ca Tanzaniya kurondera yo akazi . Iyo bariko bagaruka mu gihugu cabo abatanzaniya bagaca babakubita ndetse bakabambura n'utuntu twabo. Abashingamateka rero baciye bavuga ko ukwinjira

kw'uburundi muri uwo muryango biri mu mpapuro gusa bitaraba mu mitima y'abatanzaniya.

Kubw'iyi ntumwa ya Leta, satuntu

abarundi bafatwa nabi iyo bavuye muri Tanzaniya, umushikiranganji yahanuye ko vyiza boza bakwiye impapuro z'inzira, kuko kenshi baza impapuro zabo z'inzira zarataye

kwandukiza ibindi bihugu biri mu muryango. Abashingamateka bakaba barabajije niba izina ritazohinduka niyo Malawi na Zambiya niyo vyemererwa kwinjira. Umushikiranganji wewe akaba abona ahubwo ko igihugu ca kongo nicinjira mu muryango kizoca kironka amahoro kuko ibihugu vyose bizoca bifasha kurwanya umwansi. Nayo kuvyo guhindura izina, uwo mushitsi yaciye avuga ko bobanza gutenyenya ivyo bihugu bikabanza kwinjira.

Mwumenya ko inkingi zine z'umuryango wa Afrika y'ubuseruko ni igiciro kingana ku bidandazwa vyinjira canke bisohoka mu bihugu bigize umuryango ; gutanga imitahe ingana mw'isoko rusangi, kuba bafise abakozi n'ivyo bakora, n'ifaranga rimwe. Mu rusansuma rwabaye muri 2009 abagize umuryango bari baharurwa muri miliyoni ijana na mirongo itatu na zibiri (132.000.000) bari ku birometero kwadrato umuliyoni umwe n'ibihumbi amajana umunani (1.800.000).

Pétronie BUCUMI

twanje niyo ija imbere. Naho igihugu kiba kiri muri uwo muryango , kiba gifise igikorwa co gucungera ubutunzi bwaco. Iyo ntumwa kandi yaciye aronkeraho n'akaryo ko guhakana imvugo yuko isima ya Tanzaniya ifise ubukomezi gusumvya iyihingurirwa muri BUCECO , kubera ivyo bayihinguramwo biva mu bindi bihugu. Ukuzimba kwayo rero bivana n'ukuntu baranguye ivyo bayikoramwo. Nayo ku vyerekeye

igihe.

Nayo ku kijanye nuko abarundi bokworoherewe bakaja kwirimirira ibibanza bigaragara nko mu gihugu ca Tanzaniya yavuze ko ibindi bihugu biharanira uturere twabo tutarimye.

Igihe kibanyi giharanira Demokrasi ca kongo, RDC yarasavye kwinjira mu muryango naho umutekano utameze neza , Abashingamateka bakaba bafise impungenge ko gishobora

Kwiga no kwemeza integuro zibiri z'amabwirizwa.



Ku wa kane igenekerezo rya 19 nyakanga 2019, Inama Nshingamateka yarize

yongera iremeza integuro zibiri z'amabwirizwa. Iyambere ikaba yari ijanye n'iyemezwa ry'amasezerano

yo gushinga akarere k'isoko yiyaguye, ko guhanahana no kworoherazanya, yabaye hagati ya

Leta y'Uburundi isoko rusangi ya Afrika y'amajepfo (COMESA), umuryango w'Afrika y'ubuseruko (EAC) hamwe n'umuryango w'iterambere rya Afrique ubumanuko (SADC), yatewe ko igikumu i Sharm El Sheikh, mu gihugu ca Misiri kw'igenekerezo rya 10 ruheshi 2015; hamwe n'integuro y'ibwirizwa ijanye n'iyemezwa na Leta y'Uburundi ry'ingingo ya 24(2)(b) ryahinyanyuwe mu gace kajanye n'ishingwa ry'urunani rwama duwani mu muryango wa Afrika y'ubuseruko.

Ku nteguro ya mbere y'iryo bwirizwa, mu nsiguro y'imvo n'imvano umushikiranganji w'ubudandaji, amahinguriro n'ingenzi yashikirije hategerezwa gusigurwa ico iryo yinjira mu karere k'isoko rusangi kagizwe n'imiryango itatu y'ubutunzi rigamiye. Umushikiranganji Yohani Mariya NIYOKINDI nawe akadondagura iyinjira muri iryosoko, iterambere ry'amahinguriro hamwe n'iterambere ry'inyubako.

Ni izihe nyungu Uburundi buzoroka mu muryango wa SADC? Vyabajijwe mu murwi wamaho n'abashingamateka bari mu Nama

ibihugu vya Afrika yo mu buseruko bushira ubumanuko, bisanzwe vyagutse cane kandi bishora cane



umwimbu uvuye mu burimyi n'ubworozi. Ivyo bihugu kandi birateye imbere cane mu bijanye n'amahinguriro ku buryo bizodufasha gufata intumbaro mu Burundi. Yarongeye amenyesha ko hari vyinshi bishobora gufasha igihugu kwinjira mu muryango turavye imigabo n'imigambi y'uwo muryango. Intumbaro ya Leta yarasiguye neza ivyo yashikirije afatiye ku karorero k'ibihugu vya Republika iharanira demokarasi ya kongo na Republika yunze ubumwe ya Tanzaniya vyasigaye mu muryango wa SADC. Aca

Ariko kandi, mu bihugu bigize umuryango wa SADC, harimwo ibihugu bikomakomeye mu

vy'ubutunzi bishobora kuduza ubutunzi bw'Uburundi, nk'igihugu ca Afrika y'epfo kigira kabiri mu butunzi muri afrika hamwe na Angola. Yamenyesheje ko ivyo bihugu uko ari 26 bigize umuryango wababakomakomeye 625 z'abantu.

Uretse igihugu ca Afrika y'epfo, Angola, Botswana, Republika iharanira demokarasi ya Kongo na Lesotho, ibindi bihugu bigize uwo muryango ni Madagascar, Malawi, Izinga rya Maurice, Mozambique, Namibia, Seychelles, Eswatini (Swaziland yakera), Republika yunze ubumwe ya Tanzaniya, Zambia na Zimbabwe.

Ntawutazi ko Uburundi bwari bwatowe ngo bwakire i Bujumbura, inama y'ibihugu bigize umuryango wa COMESA, ariko bikaba vyaraburijwemwo mu gihe Uburundi bwari bugejeje kure imyiteguro yokwakira iyo nama. Mbega indishi izoboneka ryari? Ivyobikaba vyashikirijwe n'Umunshingamateka.

Iruhande y'Ubushikiranganji bw'ubudandaji, amahinguriro n'ingenzi, umutumire yamenyesheje ko ico kibazo kiraba kandi ibiro vy'umukuru w'igihugu hamwe n'ubushikiranganji bw'imigenderanire n'ayandi makungu. Yamenyesheje kandi ko



Nshingamateka; wo wize ivy'umwihariko izo nteguro z'amabwirizwa.

Umushikiranganji yishuye ko

amenyesha ko hari inyungu zifatiye ku rudandazwa hagati y'ivyo bihugu bibiri hamwe n'Uburundi bivanye n'uko vyegeranye.

umuryango wa COMESA witeguriye gutanga indishi ku Burundi, ubwo nabwo bukaba busabwa kumenyesha uburyo bwari bumaze gukoresha. Ico gisabo kikaba cavuye mu murwi wa COMESA wari mu rugendo hano mu Burundi.

Ku bijanye n'integuro y'ibwirizwa rigira kabiri, agace ka kabiri, ingingo ya 24 y'amasezerano agenga ishingwa ry'urunani rw'ama Duwani y'umuryango wa Afrika y'ubuseruko, ivuga ko : « Komite igizwe n'abantu icenda, bafise ubumenyi n'uburambe mu bijanye n'ubudandaji, amaduwanu hamwe n'amateguko ». Aho umushikiranganji Yohani Mariya NIYOKINDI akaba yariko yishura ku kibazo yabajijwe n'umwe mu bagize umurwi wateguye ibibazo. Mu gusoma integuro y'ibwirizwa yokwemeza ayo amasezerano, umurwi wamaho mu Nama Nshingamateka waraneguye ko ivyemejwe bitari bihuye. Uwaserukiye Leta akaba yaciye ashikiriza ko ubu iyo ngingo ihinyanyuwe igiye gusomwa uku gukurikira : « Komite igizwe n'abantu bafise uburambe n'ubumenyi mu bijanye n'ubudandaji, amaduwanu hamwe n'amateguko ».

Umushikiranganji w'ubudandaji, amahinguriro n'ungenzi yaragarutse kw'ido n'ido ry'umuryango wa Afrika y'ubuseruko, kugirango asigure

neza aho ingorane zifatiye. Ubwa mbere uwo muryango wari ugizwe n'ibihugu bitabu (Kenya, Ouganda na Tanzaniya), komite igaca igirwa n'abantu icenda, batatu batatu kuri buri gihugu. Ibindi bihugu vyagiye



birinjira muri uwo muryango bikaba vyasanze bidaserukiye muri iyo komite.

Banyakubahwa Abashingamateka bakaba rero baciye bafata ingingo ko urudome « B » rwo mu gace ka kabiri ari rwo rwohinyanyurwa. Ica isaba ko igihugu cose kiri muri uwo muryango gitegerezwa kugira abantu batatu bagiserukira muri komite. Ni no muri iyo ntumbero ijamborw'umutwe ryahinyanyuwe

Icongerezwa nirwo rurimi ruzoguma rukoreshwa mu muryango wa Afrika y'ubuseruko, ivyo bikaba vyishuwe mu mwihwezo wavuye ku cipfuzo c'Uburundi bwari bwasavye ko hokoresheka igifaransa.

Intumwa ya Leta ikaba yamenyesheje ko iyo myidogo ifiswe n'igihugu c'Uburundi gusa imbere yo kumenyesha ko umuryango wa Afrika y'ubuseruko usaba ko igihugu gifasha guterera

mu gikorwa co guhindura indimi, ico naco kikaba kizimvye.

N'ubwo biri uko, umuco w'umwizero ukaba uriko uratamanzura inyuma y'ukwinjira kwa Republika iharanira demokarasi ya Kongo muri uwo muryango.

Christine NAHIMANA

Kwiga no kwemeza integuro zibiri z'amabwirizwa

Twihweje urutondce rw'imiti ikorwa n'ihinguriro ry'imiti mu Burundi SIPHAR, Abashingamateka basanze imiti imwimwe nka Diclofenac yakuwe kw'isoko. Iryo kanguro rikaba ryameshejwe umushikiranganji w'ubudandaji, amahinguriro n'ingenzi Yohani Mariya NIYOKINDI

kw'igenekerezo rya 24 nyakanga 2019 igihe yari yaje gusigurira Abashingamateka integuro zibiri z'amabwirizwa yahavuye yemezwa yose n'Abashingamateka bose bari bitavye ivyo bikorwa. Ayo nayo akaba yari integuro y'itegeko ijanye no kwemeza amasezerano ajanye n'ihinyanyurwa ry'amasezerano y'i

MARRAKECH ashinga ishirahamwe mpuzamakungu ry'urudandaza hamwe n'integuro y'ibwirizwa rijanye n'ishirwaho igikumu no kwemeza kw'Uburundi amasezerano ajanye n'ihinyanyurwa ku kugaragara kw'amateguko y'ubumenyi ngendanwa (propriété

intellectuelle) bufatiye ku rudandaza

Mu gihe integuro ya mbere y'itegeko, intumwa ya Leta yerekanye mu mvo n'imvanyo ko iryo bwirizwa rijanye no kworosha ihanahana rifise akamaro kanini ku kugabanya no gushira ku rugero rumwe inzira zijanye n'urudandazwa mpuzamakungu kandi ko ritegekanya ibikorwa vy'umwihariko kandi bitandukanye bihariwe ibihugu biriko biratera imbere hamwe n'ibihugu bikiri inyuma y'amajambere, kugira bifashwe gushira mu ngiro intumbero zimwe zimwe bitokwishoboza bidafashijwe, integuro ya kabiri yari ishingiyeye kw'ishirwa mu ngiro ry'ingingo ya 31 ari nayo yari yegwa n'ihinyanyurwa.

Umushikiranganji w'ubudandaji, amahinguriro n'ingenzi yamenyesheje ko impamvu z'iryo hinyanyurwa ari ugushinga intumbero ifatiye ku mategeko yamaho kugira ngo ibihugu bifise ubushobozi buke canke bitagira ubushobozi vyoroherwe mu gushikira imiti ku biciro bicirurutse.

Yongeyeko ko amasezerano yahinyanyuwe kuri ADPIC atanga akarusho ku ma Leta agengwa n'iryo bwirizwa ko kwinjiza imiti mu gihe yamenyeshe mw'ishirahamwe mpuzamakungu ry'urudandaza ko afise ubushobozi buke bwo kwihingurira imiti. Yarishimiye kandi ko amasezerano atanga kandi uruhusha rudasanzwe rwo gushora imiti yorosha cane gushikira imiti,

guhingura imiti ku giciro kigereranye mu gihe habaye ikiza canke ibihe bitoroshe ku gihugu.

Umwe mu bashingamateka yisunze ireresi yabonye, yavuze ko muri Afrika umuti umwe muri itatu uba warataye igihe. Ikindi cyumviro cavyutse co guhamagarira abagize Inama Nshingamateka kuza



barakurikirana ibiganiro bivugaga ingene imiti imwe imwe ifise ingaruka mbi zitera kanseri.

Uwaserukiye Leta arakebura amahinguriro y'imiti yihaye urugamba rutagira akamaro, aho usanga ihinguriro kanaka ryikorera umuti mushasha kugira ngo riteshe agaciro uwundi wahora kw'isoko. Aca arahumuriza ko mu Burundi hariho uburyo bwose bwo gukurikirana ko imiti ikwiye ibisabwa n'amategeko kandi ko ishirahamwe rya Leta CAMEBU rijejwe kwinjiza imiti mu Burundi. Mu bushikiranganji bw'amagara y'abantu no kurwanya SIDA naho hakaba hariho kandi ikigo kijejwe gupima imiti.

Ibisata bimwe bimwe navyo vyigenga nka ALCHEM imaze kuronka ubushobozi bukomeye hamwe na SALAMA yishikira mu bihugu vya buraya kurangurayo imiti bikaba bikwiye kwezerwa na Leta. Mbere n'umuryango wa Afrika y'ubuseruko ukaba wipfuzako haba ikigo c'igihugu kijejwe kudandaza

imiti muri buri gihugu kigize uwo muryango.

Abafise uburenganzira bakaba bashingiye kandi bafise ububasha bwo kugurisha ibivuye mu bushakashatsi bwabo. Umushingamateka umwe akaba yibaza nimba iryo tegeko ritagiye guhana mu buryo bu buke canke buriya abafise ishaka ryo gukora ubushakashatsi.

Ku bw'umushikiranganji Yohani Mariya NIYOKINDI akaba yishuye ko abashakashatsi baronka ubufasha batocika intege namba.

Christine NAHIMANA

INAMA NSHINGAMATEKA

UMUKURU W' IYANDIKIRO
Providence NIKIZA

ABANDITSI
Bosco NDAYIZEYE
Arlette AKIMANA
Pétronie BUCUMI
J Baptiste Claude NIJIMBERE
Christine NAHIMANA

AMASANAMU
J Baptiste Claude NIJIMBERE
Richard NDAYISENGA
Malikonge MWAMI